
arm
 his arm
 under, below
 under his arm
 tool(s)
 some tools
 to bring, to carry
 Thomas is carrying some tools
 under his arm.

Toma, ban-m nouvèl ou.

What's new with you, Thomas?

sa
 sa pa pi mal
 non

things; this, that
 things aren't bad
 no; (emphasis marker when at the end
 of a statement)

Sa pa pi mal, non!

Things aren't so bad!

madanm
 madanm ou
 E madanm ou
 ki jan li ye
 E madanm ou, ki jan li ye?

wife
 your wife
 and your wife
 how is she
 How is your wife?

Li pa pi mal.

She's not so bad.

boneù
 deyò
 ou deyò
 ou deyò boneù
 wi

early
 outside
 you are outside
 you are outside early
 yes: (emphasis marker when at the
 end of a statement)

Ou deyò boneù, wi!

You're really out early!

Wi monchè.
Anita
kay
kay Anita
M prale kay Anita.

Yes, old man.
Anita
house
Anita's house
I'm going to Anita's house.

genyen
ki
sa
Sa ki genyen?

to have, there is
which (relative pronoun)
what (short form of ki sa)
What's the matter?
(literally, what (is it) which you
have?)

Anyen
Anyen, bòs Alse.

nothing
Nothing, bòs Alce.

li
pou
pou li
travay
yon ti travay
m prale fè
M prale fè yon ti travay pou li.

her
for
for her
work, job
a little job
I'm going to do
I'm going to do a little job for her.

bra ou
anba
anba bra ou
Ki sa ou pòte?
Ki sa ou pòte anba bra ou?

your arm
under
under your arm
What are you carrying?
What are you carrying under your
arm?

mwen
zouti mwen
E ou-mènm, kote ou prale?

my (see Grammar Notes)
my tools
And you, where are you going?

lavi
M prale lavi.

town, downtown
I'm going downtown.

kouraj
bon kouraj
En ben. bon kouraj. bòs.

courage
keep your chin up
Well. keep your chin up. bòs.

Wi monchè.
Anita
kay
kay Anita
M prale kay Anita.

Yes, old man.
Anita
house
Anita's house
I'm going to Anita's house.

genyen
ki
sa
Sa ki genyen?

to have, there is
which (relative pronoun)
what (short form of ki sa)
What's the matter?
(literally, what (is it) which you
have?)

Anyen
Anyen, bòs Alse.

nothing
Nothing, bòs Alce.

li
pou
pou li
travay
yon ti travay
m prale fè
M prale fè yon ti travay pou li.

her
for
for her
work, job
a little job
I'm going to do
I'm going to do a little job for her.

bra ou
anba
anba bra ou
Ki sa ou pòte?
Ki sa ou pòte anba bra ou?

your arm
under
under your arm
What are you carrying?
What are you carrying under your
arm?

mwen
zouti mwen
E ou-mènm, kote ou prale?

my (see Grammar Notes)
my tools
And you, where are you going?

laval
M prale laval.

town, downtown
I'm going downtown.

kouraj
bon kouraj
En ben, bon kouraj, bòs.

courage
keep your chin up
Well, keep your chin up, bòs.

si	if
vle	want, wish
si Dye vle	God willing (see Cultural Notes)
n-a wè	we will see
mèsi	thanks
Mèsi, n-a wè, si Dye vle.	Thanks, we'll see each other, God willing.

Cultural Notes

Si Dye vle

The Haitian folk are very fatalistic and believe that their existence is governed by the Heavenly Power's will. *Si Dye vle* 'if God wills' usually accompanies every expressed intention or desire and is used unconsciously even by educated middle class persons who lack the folk fatalism.

Provèb (see Vocabulary)

PRONUNCIATION AND GRAMMAR DRILLS

Tape No. 3-B

Pronunciation Drills on the sound /l/

The sound /l/ in Creole is almost like the English /l/ in *let*, but in Creole the tip of the tongue must touch the back of the upper teeth.

1. The sound /l/ in initial position:

Do not repeat but just listen to the following Creole words.

li	lò	lapòs
lè	lib	lève
leù	liv	lòlòj
la	lakay	lontan

Repeat the above words after hearing each of them twice.

2. The English and the Creole /l/ in final position contrasted:

Do not repeat, but just listen carefully to the following pairs of words. The first word is English and the second one Creole:

ball	bòl
call	kòl
fall	fòl
Bill	Bil
feel	fil
bell	bèl
let	lèt
pool	poul
fool	foul
cool	kou-l

Repeat the previous Creole words with the /l/ in final position, after each word has been uttered twice. Remember that the tip of your tongue must touch the back of your upper teeth.

3. Creole words in which /l/ is preceded by another consonant:

Listen carefully to the following words:

plon	fleù	blese
blan	vle	siklòn
dlo	klou	plèzi
vlin	esklav	aplon
kle	plinyin	lapli
		blie

Repeat the above words, after each has been uttered twice.

4. The sound /l/ in sentences:

Listen carefully:

Ki jan l ye?
 Gras a Dye l byen.
 E Lwi?
 Gras a Dye l-la.
 L-ap kenbe toujou.
 E pitit la?
 L-ap grandi.
 Kote l pral la-a?
 L pral lakay.
 Ki sa-l pral chèche?
 L pral chèche kèk lèt.
 N-a wè-l pi ta.
 Kote zouti-l?
 L-anba bra-l.

Repeat the above sentences, after each has been uttered twice.

Pronunciation Drills on the nasal vowel *en*.

1. Compare the following two pairs of words:

se	sen
pe	pen

2. The first word of each pair contains the vowel *e*, with which you are familiar; the second word contains the nasal vowel *en*. Both are pronounced with the jaws held close together, but for the *en* the soft palate is lowered allowing the air to penetrate into the nasal cavities. This results in the production of a characteristic nasal quality. Now compare the vowel *è* as in *monchè* and *en*:

fè	fen
lè	len

3. Contrast the following paired words:

se	'it is'	sen	'saint'
pe	'quiet'	pen	'bread'
je	'eye'	jen	'June'
chè	'dear'	chen	'dog'
fè	'to make'	fen	'fine'
bè	'butter'	ben	'bath'

4. Practice the following one-syllable words ending in *en* followed by a consonant:

pens	senp	kenz	senk
pwent	Hench	fent	venn

5. Contrast the following paired utterances:

desè	'death'	desen	'drawing'
de pè	'two priests'	de pen	'two loaves of bread'
lese	'to leave'	de Sen	'the Saints'
m-ale	'I go'	malen	'clever'

6. Repeat the following words ending in *en*:

legen	rezen	bezwen	malen	baden
jaden	kouzen	goumen	tounen	diven

7. The following words contain *en* in both syllables. Repeat:

genyen	en ben	renmen	jennen	senyen
--------	--------	--------	--------	--------

8. Read the following items aloud:

Two syllables

diven	le Sen	kouzen	maten
kenz lèt	senk kat	genyen	ak mwen

Three syllables

li genyen	machi-n mwen	senk rezen
kouzen mwen	yo benyen	mwen jennen

Four syllables

demen maten	Li fi-n goumen	epi le Sen
-------------	----------------	------------

9. Read the following sentences aloud. The confirmation will be given by the voice on the recording.

Li genyen kèk lèt.

Gras a Dye epi le Sen.

L-ap kenbe toujou.

En ben, m prale lakay mwen.

10. Read the following utterances aloud:

genyen

renmen

l-ap kenbe

machi-n mwen

Sa ki genyen?
 En ben, kouraj bòs.
 si
 M prale lavil.

11. The vowel *en* occurs before *n* or *m*.

chen	chènn	ven	venn
ben	bènn	chen	chen-m
men	mènmm	ren	ren-m

12. When it occurs before the nasal consonants *n* or *m*, *en* is less nasalized than in final position. The vowels *e* or *è* may be partially nasalized when they occur before a nasal consonant. Contrast:

jen	'June'	jènn	'young'
ven	'twenty'	vènn	'vein'
men	'but'	mènmm	'same'
plen	'full'	plènn	'full'
chen	'dog'	chènn	'chain'

13. Practice:

chen	chenn	pen	plenn
mènmm	pwent	genyen	semenn
chemen	goumen	ou-mènmm	machi-n
kokenn	reken	mwen	

14. Practice the following sentences:

E ou-mènmm?
 Ban-m nouvel ou.
 Mesi. n-a wè.

Lexical Variation Exercises

In the following exercises, substitute the cue in the appropriate slot of the base sentence and construct a new sentence containing the cue.

1. Basic sentence:

M prale kay Anita.
lavil
lakomu-n
lapòs
nan mache
wè pitit mwen

M prale kay Anita.
M prale lavil.

2. Basic sentence:

M-ap fè yon ti travay.
prale fè
prale cheche
ap cheche
genyen
vle fè

M-ap fè yon ti travay.
M prale fè yon ti travay.

3. Basic sentence:

Nou kontre ak Mari
nan rout pou Pòtoprens.
nan rout pou Petyonvil.

Nou kontre ak Mari nan rout
pou Pòtoprens
Nou kontre ak Mari nan rout pou
Petyonvil.

nan mache
kay Gabi
lavil
Kwa de Bouke

4. Basic sentence:

Sa ou prale fè lakomu-n.
yo
li
nou
m

Sa ou prale fè lakomu-n.
Sa yo prale fè lakomu-n.

5. Basic sentence:

Yo fè yon gro travay pou li.
Anita
bòs Alse
madanm li
konpe Toma
kòme-m

Yo fè yon gro travay pou li.
Yo fè yon gro travay pou Anita.

6. Basic sentence:

Li wè li kay Toma.
M
Nou
Yo
Ou
Pitit la

Li wè li kay Toma.
M wè li kay Toma.

Translation

1. I'm going to get my tools.
2. Do you have a few letters?
3. What are you going to do
in Port-au-Prince?
4. He's carrying a few tools.
5. They're under his arm.
6. What do you have there?
7. Well, keep your chin up, Mari.
8. We'll see each other, God willing.
9. Things are not so bad.
10. We are doing a little job for them.

M prale chèche zouti mwen.
Ou genyen kèk lèt?

Sa ou prale fè Pòtoprens?

L-ap pòte kèk zouti.

Yo anba bra li.

Sa ou genyen la-a?

En ben, bon kouraj, Mari.

N-a wè, si Dye vle.

Sa pa pi mal, non!

N-ap fè yon ti travay pou yo.

Grammar Exercises

1. Change the subject pronoun to the plural.

Li chèche kèk zouti.

M pran yon lèt.

Li pòte kèk lèt.

M wè bòs Alse.

Ou pral lavil.

Yo chèche kèk zouti.

Nou pran yon lèt.

2. Change the subject pronoun to the singular.

Y-ap fè yon ti vire.

Nou prale nan mache.

Yo kontre Toma.

N-a wè li.

L-ap fè yon ti vire.

M prale nan mache.

3. Supply the pronoun equivalent to the English form given by the prompting voice on the tape.

- a. Basic sentence:

M pòte zouti mwen.

(his)

(their)

(our)

(her)

(your)

(my)

M pòte zouti li.

M pòte zouti yo.

- b. Basic sentence:

Li prale lapòs pran let li.

(my)

(his)

(your)

(her)

(their)

(our)

Li prale lapòs pran let mwen.

Li prale lapòs pran let li.

4. Replace the noun phrase by the appropriate pronoun.

M wè pitit Toma ak Gabi.

Yo prale pran zouti bòs Alse.

Ou ap fè yon ti vire kay Anita?

Li prale chèche lèt Gabi.

M wè pitit yo.

Yo prale pran zouti li.

COMPREHENSION EXERCISES

Listen and repeat:

Bòs Alse sou rout Pòtoprens. Nan chemen, li kontre ak Toma. Li mande-l nouvèl li. Gras a Dye sa pa pi mal.

Alse trouve Toma deyò boneù. Li jouda. Li wè kèk zouti anba bra Toma. Li di "Ki sa l-ap fè ak zouti-l anba bra-l? Li gen goi-n, li gen rabo, li gen mato ak tounvis." Alse vle ale ak Toma, pou-l wè ki sa li pral fè ak zouti yo. Li mande Toma pou l-ale avè-l. Toma pa vle. Li di-l non. Li pa pral fè yon gro travay. Li pral fè yon ti travay pou Anita. L-a fè-l li-mènm. Li di Alse: "Fè chimen ou monchè. Ou gen travay ou pou ou fè." Alse di Toma: "Ou gen bon kouraj pou al travay pou moun boneù kon sa. 'Sòt ki bay enbesil ki pa pran!' Al travay pou kòmè ou."

Li-mènm Alse deyò boneù tou; men li pa pral travay. Li pral fè yon ti vire anba lavil Pòtoprens. Y-a wè pi ta si Dye vle. Y-al fè chimen yo.

Answer the questions:

1. Ki kote Alse ye?
2. Ki moun li kontre nan chemen?
3. Ki sa li mande Toma?
4. E kouman sa ye?
5. Ki sa Alse trouve?
6. Toma deyò ta?

7. Alse jouda?
8. Ki sa li wè anba bra Toma?
9. Ki sa Alse di?
10. Ki zouti li wè anba bra Toma?
11. Ou jouda?
12. Ou trouve Alse jouda?

13. Ou gen zouti?
14. Ki zouti ou genyen?
15. Ki sa ou gen anba bra ou? (nothing)
16. Ou gen rabo? tounvis? mato? goi-n?
17. Alse vle ale ak Toma?
18. Pou ki sa li vle ale avè-l?

19. Ki sa li mande Toma?
20. Toma vle l-al avè-l?
21. Ki sa Toma di-l?
22. Ki sa Toma pral fè?
23. Pou ki moun li pral travay?
24. Li pral fè yon gro travay?

25. Alse a fè travay la pou Anita?
26. Toma gen kouraj pou l-travay?
27. E ou, ou gen kouraj pou ou travay?
28. Ki provèb Alse di Toma?
29. Si yo ba ou, ou ap pran?
30. Ou sòt?

31. Ou enbesil?
32. Ou pral lavil Montere pi ta?
33. Ou toujou deyò boneù?
34. Ki kote Alse prale?
35. Ki sa ou ap pòte la-a? (nothing)
36. Ou pral lakay ou?

37. Ou deyò boneù?
38. Ou pral kay Anita tou?
39. Ki sa ou ap fè la-a?
40. M pral fè chimen-m, e ou?
41. Ou trouve li gen kouraj?
42. Ou di-m mèsì?

INDEPENDENT STUDY

Tape No. 3-C

Translation Test

Write the English equivalent of the following sentences.

1. Ki sa ou prale fè lavil?
2. Yo deyò bonè.
3. N-ap rive Pòtoprens.
4. N-a wè, si Dye vle.
5. M-ap fè yon gro travay.
6. E madanm ou, ki jan li ye?
7. M prale chèche kèk zouti.
8. N-ap fè yon ti vire lavil.
9. Sa ki genyen, monchè?
10. Li prale kay Toma pou fè yon ti travay.

Exercises

1. Questions-answers, affirmative:

Ou pòte zouti mwen?

Wi, m pòte zouti ou.

Ou prale lakay ou?

Wi, m prale lakay mwen.

Ou prale pran lèt ou?

Wi, m prale pran lèt mwen.

Ou ap chèche kat
d-idantite-m?

Wi, m-ap chèche kat
d-idantite ou.

2. Cued questions-answers

Ou wè ti-moun ou?
(no, their)

Non, m wè ti-moun yo.

Y-ap pòte zouti ou?
(no, yours)

Non, y-ap pòte zouti ou.

Li prale pran kat d-idantite-m?
(no, hers)

Non, li prale pran kat
d-idantite li.

Ou kontre madanm ou?
(no, yours)

Non, m kontre madanm ou.

3. Directed questions and statements

a. Ask me how my child is.

Ki jan pitit ou ye?

b. Ask me what I'm carrying
under my arm.

Ki sa ou ap pòte anba bra ou?

c. Ask me whether I'm going
to their house.

Ou prale lakay yo?

d. Ask me whether he's going
to get his identification card.

Li prale pran kat d-idantite
li.

e. Tell me you're going to get
your letter at the post office

M prale chèche lèt mwen
lapòs.

f. Tell me you carry his tools.

M pòte zouti li.

g. Tell me you see your wife.

M wè madanm mwen.

h. Tell me you're going to my house.

M prale lakay ou.

4. In the pattern *M pral . . .* change the last element on cue:

CUE	STUDENT(S)
Anita	M pral <u>kay Anita</u> .
mache	M pral <u>nan mache</u> .
kòmè-m	
pitit mwen	
Chal	
lakomu-n	
yo	
lapòs	
li	
mwen	
Petyonvil	
travay	

5. Change the pattern *M pran . . .* on cue, using the short form of the pronoun whenever possible. Listen carefully:

Basic sentence:	M pran lèt mwen.
CUE	STUDENT(S)
rabo	M pran lèt mwen.
li	M pran <u>rabo-m</u> .
kat d-idantite	M pran rabo <u>li</u> .
nou	
yò	
zouti	
tounvis	
mwen	
goi-n	
klou	

6. Change the underlined words in the pattern *Toma pòte zouti-l anba bra-l*:

CUE

Toma
Mwen
Nou
Bòs Else
Ti-moun yo
Ou
Li
Gabi
Yo
Mwen
Anita
Nou

STUDENT(S)

Toma pòte zouti-l anba bra-l.
Mwen pòte zouti-m anba bra-m.

Fluency Test

- | | |
|---|----------------------------------|
| 1. I'm going to take my tools. | M prale pran zouti-m. |
| 2. She's going to get her letter. | Li prale pran lèt li. |
| 3. Are you going to get your identification card? | Ou prale pran kat d-idantite ou? |
| 4. He's carrying his tools under his arm. | Li pòte zouti-l anba bra-l. |
| 5. They carry their tools under their arms. | Yo pòte zouti yo anba bra yo. |
| 6. I see their child. | M wè pitit yo. |
| 7. Do you see her child? | Ou wè pitit li? |
| 8. What's new with them? | Ban-m nouvèl yo? |
| 9. What's new with her? | Ban-m nouvèl li? |
| 10. I'm going to his house. | M prale lakay li. |
| 11. We're going to your house. | Nou prale lakay ou. |
| 12. Is she going to their house? | Li prale lakay yo? |

GRAMMAR NOTES

Pronouns as subject (review)

We have seen that when a pronoun occurs before a predicator it functions as subject:

Li lavil.

M koute

Nou wè li.

M-ap koute.

He (she) is downtown.

I listen./I listened.

We see him.

I'm listening.

Possessives

Compare:

1. L-ap pran yon kat d-idantite.

versus

2. L-ap pran kat d-idantite li.

He's getting an identification card.

Hels getting his identification card.

In sentence 2 the *li* that occurs after the object (*kat d-idantite*) has the same function as the indefinite article *you* that precedes the object in sentence 1.

Compare:

1. Li prale kay Anita.

versus

2. Li prale lakay li.

He's going to Anita's.

He's going to her house.

The *li* in the second sentence is equivalent to the modifier Anita. As in the subject position, no differentiation is made between 'his' and 'her'.

Now compare:

1. Kat d-idantite-m, zouti-m

versus.

2. Kat d-idantite mwèn, zouti mwèn

The possessive equivalent to 'me' may be either *m* or *mwèn* after nouns ending with a vowel. The occurrence of one or the other of the two forms is not predictable: *m* appears to be more frequent, however.

Compare:

1. lèt mwen versus
2. zouti-m or zouti mwen

After a noun ending with a consonant only *mwen* occurs. Note that the plural is not always overtly marked in Creole and is then deduced from the context. Thus *zouti mwen* may mean both 'my tool' and 'my tools'.

When the possessor is a noun or a pronoun it follows immediately the possessed noun and precedes the article.

ti-moun yo	the children
ti-moun <u>Anita</u> yo	Anita's children
ti-moun <u>ou</u> yo	your children
pitit <u>Chal</u> la	Charles' child
pitit yo	their child/children

Summary of Possessive Pronouns

	<u>Creole</u>	<u>English</u>
	-m/mwen	my
	-ou	your
Noun or noun phrase	-li	his, her, its + Noun or noun phrase
+	-nou	our, your
	-yo	their
	lèt mwen	my letter
	zouti mwen or zouti-m	my tool
	lèt ou	your letter
	lèt li	his, her letter
	lèt nou	our letter
	lèt yo	their letter

Gen & genyen

Gen is the reduced form of *genyen* and may always be substituted for it. *Gen* is mostly used when followed by a complement. Example: *Li gen yon chapo* is preferable to *Li*

genyen yon chapo which is also good but much less used. However, it must be *genyen* at the end of the sentence, when the complement precedes the verb or is not used.

Example:

Se yon seul chapo li genyen.

It is the only hat he (she) has.

Èske ou gen chapo?

Do you have a hat?

Non, m pa genyen.

No, I don't have one.

Ti-moun/pitit

Ti moun (young kid, child, small fry - either sex) has a wider use than *pitit* which means 'child', 'children' with the meaning of 'son', 'daughter' (not necessarily young).

Example:

1. Many children go to that school.

Anpil ti-moun ale lekòl sa-a.

2. Are they all your children?

Èske tout se pitit ou?

When accompanied by a possessive adjective, *ti-moun* is also widely used with the meaning of 'sons', 'daughters', mostly in the plural form.

Example:

1. My child is sick.

Pitit mwen an malad.

2. My children are on vacation.

Ti-moun mwen yo an vakans.

Neither is used when sex is to be specified

a boy

yon ti gason

a girl

yon ti fi

my son

pitit gason mwen

his daughter

pitit fi li

La-a

a following *la* in *la-a* is a construction which has no equivalent in English. The best that could be said is that it is a kind of adverbial suffix which changes a concrete place (*la* 'there') into an abstract time or way. To someone who would tell you about a situation he is in, you would ask:

1. Ki sa ou vle fè la-a? what do you want to do?
2. Ki sa ou ap fè la-a? What are you doing (there now)?
3. Kote ou prale la-a? Where are you going (this now)?

Most of the time it's simply an emphasis suffix which adds an accent of insistence or precision and could be omitted without much damage to the meaning. When *la* (alone) expresses the idea of a precise place or location, it may not take the suffix *a*.

Ki sa ou ap fè la?

What are you doing there?

Sa-a, sila-a

The same suffix *a* following the demonstrative pronoun *sa, sila*, 'this', 'that' is the singular article which changes 'this', 'that' to 'this one', 'that one'. The plural is *sa yo* 'these ones', 'those ones'.

1. Pa fè sa. Don't do that.
 versus
2. Pa pran sila-a , pran sa-a, Don't take this one, take that one.

When the demonstrative *sa* or the adverb *la* is followed by the definite article *-a*, the pronunciation of the two *a*'s is like a long *a*.

VOCABULARY

anba, adv.	under, below
anba lavil, n. phr.	downtown
anyen, pr.	anything
boneù, bònè adv.	early
bon kouraj (idiomatic exp)	keep your chin up
bra, n.	arm
chapo, n.	hat
deyo, adv.	outside, out
ekol, lekol, n.	school
genyen, gen, v.	to have, there is, there are
goi-n, n.	saw
gro, adj.	big, large
enbesil, n.	imbecile, idiot
jouda, adj.	curious, meddlesome, inquisitive
kay, lakay, ka, prep.; n.	house, home, to the house(home) of
klou, n.	nail
kòmè-a, n. phr.	that woman
kouraj, kouray, n.	courage, strength
la-a, adv.	there, then, now (see Grammar notes)
lakay, kay, n.	(see kay)
lavil, vil. n.	town, downtown
lekòl. ekòl. n.	school
madanm. n.	madanm. woman. wife. lady
mato. n.	hammer
mèsi. int.	thanks
men	but

non, adv.	emphasis marker, when occurring at the end of a statement
wi, adv.	emphasis marker, when occurring at the end of a statement
pa anyen, pr.	nothing; not anything
pitit, n.	child
pitit fi, n.	daughter
pitit gason, n.	son
pòch, n.	pocket
pou, prep.	for, to, in order to
provèb, n.	proverb
rabo, n.	plane
sa-a, sila-a, dem. pr.	this one; that one
si, conj.	if
sòt, adj.	foolish, stupid
sou rout, n. phr.	on the way, on the road
tounvis, tounavis, n.	screwdriver
travay, n.;v.	work, job; to work
trouve, v.	to find, to see, to observe, to notice
vil, lavil, n.	town, downtown
vle, v.	to want, to wish
zouti, n.	tool(s)

Idiomatic Expressions

Sa ki genyen?	What's the matter?
Sa pa pi mal.	Not so bad; that's/it's not so bad.
Si Dye vle	God willing

Proverb

Sòt ki bay, enbesil ki pa pran.

Literal translation: A fool who gives, an imbecile who doesn't take.

Free translation: Always take advantage, never give it

Lesson 4

AT ANITA'S HOUSE

PERCEPTION DRILL

Situation 1: Toma goes to Anita's house and finds she has gone out with her husband.

1. Listen and repeat:

Bonjou, ti gason.

Bonjou, msye .

Se kay Anita sa?

Wi msye, se kay li.

Li pa la kounyè-a. Li sòti ak papa-m.

Y-ap retounen touswit.

2. Pattern:

		adjective
subject +		adverb
		place or location

[Note: No form of 'to be' necessary]

M la.

M byen.

M sòt.

M lakay.

M anba.

M pa pi mal.

M piti.

M enbesil.

M nan mache.

M kay Anita.

3. Make a complete sentence with *M*:

CUE	STUDENT(S)
Pòtoprens	<u>M Pòtoprens.</u>
lakay ou	<u>M lakay ou.</u>
lakomu-n	
nan chimen	
gro	
lavil	
kon sa	
deyò	
lapòs	
Petyonvil	
piti	
pa pi mal	

4. Pattern:

subject + pa +
 adjective
 place or location
 verb
 adverb
 = negative statement

Listen and repeat:

M wè Anita. M pa wè Anita.

M gen madanm. M pa gen madanm.

M koute Chal. M pa koute Chal.

5. Put the following sentences in the negative form:

CUE	STUDENT(S)
M bay nouvèl mwen.	M <u>pa</u> bay nouvèl mwen.
Chal di bonjou.	Chal <u>pa</u> di bonjou.
Ti-moun yo al chèche let lapòs.	
Alse kontre ak Chal.	
Gabi koute-m.	

Li rive lavil.
 Li sòti ak papa-l.
 Mari gen kouraj.
 Nou pran lèt yo.
 M pòte kat d-idantite-m.
 Li gen yon ti madanm.

6. Put the following sentences in the negative form:

CUE

STUDENT(S)

Chal Pòtoprens.
 Ou sòt.
 Li lakay.
 Nou piti.
 Ti-moun yo lakay.
 Kòmè Anita gro.
 Mari nan mache.
 Yo piti.
 Bòs Alse lapòs.
 Ou sou rout.
 Petyonvil.
 Ti-moun yo deyò.
 Li la kounyè-a.

Chal pa Pòtoprens.
 Ou pa sòt.

7. Pattern:

pa + ap = pap (or) p-ap
 pa + pral(e) (or) apral(e) = pa pral(e)

Listen and repeat:

M-ap travay.
 L-ap di bonjou.
 N-ap rive lakay.
 Yo pral(e) nan mache.
 M pral(e) Petyonvil.

M pap travay.
 Li pap di bonjou.
 Nou pap rive lakay.
 Yo pa pral (e) nan mache.
 M pa pral(e) Petyonvil.

8. Put the following sentences in the negative form:

CUE	STUDENT(S)
Y-ap travay.	Yo <u>pa</u> travay.
Y-apral(e) lavil.	Yo <u>pa</u> pral(e) lavil.
Y-ap di bonjou.	
Yo pral nan mache.	
Y-ap rive lakay.	
Y-ap grandi.	
Yo pral lakomu-n.	
Y-ap sòti pi ta.	
Yo pral wè Anita.	
Y-ap pòte kèk zouti.	
Y-ap mande nouvèl mwen.	

9. Pattern:

ki sa?	... kay	+ noun or pronoun
ki kote?	... lakay or lakay	+ pronoun

Listen and repeat:

Ki kote ou prale?	M pral kay Anita.
Ki kote ou sòti?	M sòt lakay.
Ki kote ou ye?	M lakay mwen.
Ki sa ou genyen?	M gen kay papa-m.
Ki sa ou pran?	M pran kay li.

10. Answer the questions, using either *lakay* or *kay*, according to the situation:

CUE	STUDENT(S)
Ki sa ou wè?	M wè <u>kay</u> mwen.
Ki kote ou prale?	M pral <u>lakay</u> mwen.
Ki kote ou kontre ak Alse?	
Ki sa ou bay ti-moun yo?	
Ki kote Toma di bonjou?	

Ki kote ti-moun yo grandi?
 Ki kote ou ye?
 Ki sa y-ap chèche?
 Ki kote yo rive?
 Ki sa li pran?

11. Listen and repeat:

Se Alse?
 Se kòmè ou?
 Se li-mènm?
 Se pitit ou?
 Se kay ou sa?
 Se mari Anita?

Wi, se Alse.
 Wi, se kòmè-m.

12. Answer in the affirmative:

CUE

STUDENT(S)

Se kay ou sa?
 Se Alse?
 Se pitit ou?
 Se li-mènm sa?
 Se konpè ou sa?
 Se kat d-idantite-l?
 Se lakomu-n sa?
 Se Pòtoprens?
 Se travay ou?
 Se zouti-l?
 Se ou-mènm sa?
 Se mato yo?

Wi, se kay mwen sa.
 Wi, se Alse.

13. Toma and Tijo continue their conversation:

Koute yo:

Ti gason, m kapab tann papa ou ak manman ou?
Men wi msye, chita non.

Ki jan ou rele.
M rele Tijo.

Ki moun ki manman ou?
Se Anita k-manman-m.

Ou sanble-l anpil, san reproch.
Toma kontan wè Tijo.

14. Pattern: ki + moun + ki or k = question

Listen and repeat:

Ki moun ki sòti? Chal ak Anita sòti.

Se Chal ak Anita ki sòti.

Ki moun k-ap tann yo? Chal ap tann yo.

Se Chal k-ap tann yo.

Ki moun ki manman Tijo? Se Anita ki manman ni (li).

Tijo se ti gason-n. Se pitit li.

Ki kote ki byen? Se Pòtoprens ki byen.

Ki kote ki piti? Se Petyonvil ki piti.

(Ki) sa ki gro? Anyen.

(Ki) sa ki genyen? Anyen.

15. Ask questions on cue:

CUE

STUDENT (S)

ap tann yo (moun)

gro (sa)

piti (kote)

genyen (sa)

byen (kote)

Ki moun k-ap tann yo?

Ki sa ki gro?

manman Tijo (moun)
 sòti (moun)
 gro (kote)
 byen (sa)
 ap tann yo (sa)
 piti (sa)
 lavil (moun)

16. Pattern: Imperative + non = emphatic imperative

Listen and repeat:

Chita non.
 Ban-m nouvèl ou non.
 Di bonjou non.
 Grandi non.

17. Make the following sentences emphatic using non:

CUE

STUDENT (S)

M di bonjou.
 M pral(e) lavil.
 M-ap rive lakomu-n.
 M-ap fè chemen-m.
 M pral chèche kèk lèt.
 M-ap koute ti-moun yo.
 M pral nan mache.
 M pran lèt yo lapòs.
 M di bonjou.
 M pòte zouti yo.
 M chita.
 M ba ou nouvèl mwen.

Di bonjou, non
 Al(e) lavil, non.

18. Listen and repeat:

Ki jan ou rele? Kouman ou rele? -M rele Tijo.
 E ou-mènm. kouman ou rele? -M rele Toma.
 Ki jan li rele? -Li rele Chal.

19. "What is your name?" Answer the question:

CUE

STUDENT(S)

Ki jan ou rele?

M rele Toma.

Ki jan ou rele?

M rele

20. *Kapab, kap, kab, or ka, (can, be able to) + verb;*

Listen and repeat:

Nou kapab tann. Nou kap pòte zouti yo.

Nou ka chita. Nou kab bay lèt yo.

Nou kap sòti pi ta.

21. Repeat the following sentences, using *kap, kab* or *ka* before the verb:

CUE

STUDENT(S)

Li tann.

Li kap tann.

Li grandi.

Li kab grandi.

Li kenbe toujou.

Li ka kenbe toujou.

Li ban-m nouvèl yo.

Li mande nouvèl Alse.

Li al lavil.

Li fè yon vire nan mache.

Li koute ti-moun yo.

Li wè Pòtoprens.

Li pòte zouti-l.

Li bay lèt yo lapòs.

Li fè yon gro travay.

DIALOGUE

AT ANITA'S HOUSE

Scene: At Anita's house

Characters: Thomas, Tijo, Anita's son

Situation: Thomas goes to Anita's house and finds she has gone out with her husband. Thomas meets Tijo.

Thomas: Hi, son!

Tijo: Hello, sir!

Thomas: Is this Anita's house?

Tijo: Yes, sir.

Thomas: Is Anita at home?

Tijo: No, she went out with my father, but they should be back soon.

Thomas: May I wait for them?

Tijo: Yes, sir. Please have a seat.








Thomas: What is your name?

Tijo: My name is Tijo.

Thomas: And who is your mother?

Tijo: Anita is my mother.

Thomas: Yes, of course: you look a great deal like her.



AT ANITA'S HOUSE

Toma ale kay Anita. Anita sòti ak Chal, mari li. Toma kontre ak Tijo lakay li.

Toma: Bonjou ti gason.

Tijo: Bonjou msye.

Toma: Se kay Anita sa?

Tijo: Wi msye. Se kay li.

Toma: Li pa la kounyè-a?

Tijo: Non, li sòti ak papa-m. Y-ap retounen touswit.

Toma: M kab tann yo?

Tijo: Wi msye. Chita non.

Toma: Ti gason, ki jan ou rele?

Tijo: M rele Tijo.

Toma: Ki moun ki manman ou?

Tijo: Se Anita ki manman-m msye.

Toma: A wi, ou sanble-l anpil, san repròch.

Dialogue Buildup

kay Anita
Toma ale kay Anita.

Anita's house
Thomas goes to Anita's house.

mari
mari li
Chal
ak Chal
ak Chal, mari li
sòti
Anita sòti
Anita sòti ak Chal, mari li.

husband
her husband
Charles
with Charles
with Charles, her husband
to go out
Anita has gone out
Anita has gone out with Charles, her husband.

lakay
lakay li
Tijo
ak Tijo
kontre
Toma kontre
Toma kontre ak Tijo
Toma kontre ak Tijo
lakay li.

house
her house
Tijo
with Tijo
to meet
Thomas meets
Thomas meets Tijo
Thomas meets Tijo at her house.

ti gason
Bonjou ti gason.

boy, kid, son (used in greetings)
Hi, son.

msye
Bonjou msye.

sir
Hello, sir,

kay Anita
se
Se kay Anita.
sa
Se kay Anita sa?
Wi msye.

Anita's house
it is, is it
It is Anita's house.
this. that
Is this Anita's house?
Yes. sir.

lakay li
Se lakay li.

her house
It is her home.

kounyè-a	now
la	there, here
pa	not
pa la	not here
li pa la	she is not here
Li pa la kounyè-a?	Isn't she here now?
papa	father
papa-m	my father
ak papa-m	with my father
li sòti ak papa-m.	She left with my father.
Non, li sòti ak papa-m.	No, she left with my father.
touswit	right away, immediately
retounen	to return
ap retounen	are returning
Y-ap retounen.	They are returning.
Y-ap retounen touswit.	They are returning right away.
yo	for them
tann	to wait
tann yo	wait for them
kab	can
M kab	I can
M kab tann yo?	May I wait for them?
Wi msye	Yes, sir.
chita	to sit
Chita non.	Please have a seat.
rele	to call, to be called, to be named.
ou rele	you are called
Ki jan ou rele?	What is your name? (literally. How are you called?)
M rele Tijò.	My name is Tijò.

manman
manman ou
ki
ki manman ou
ki moun
Ki moun ki manman ou?

manman-m
Anita se manman-m.
se Anita
Se Anita ki manman-m,
wi msye.

san
repròch
san repròch

anpil
sanble
sanble-l
ou sanble-l anpil
a
A wi, ou sanble-l
anpil, san repròch.

mother
your mother
who (relative)
who is your mother
who (interrogative)
Who's your mother?
(literally, Who is it who is your
mother?)

my mother
Anita is my mother.
it is Anita
It is Anita who is my
mother, sir.

without
reproach
no kidding, if you don't mind my
saying so

a lot, much, very much
to resemble
resemble her
you resemble her a lot
ah, oh
Oh, yes, you look a lot
like her, no kidding.

PRONUNCIATION AND GRAMMAR DRILLS

Tape No. 4-B

Pronunciation Drills: /m/, /n/, an, an + n/m

1. Syllabic /m/

- a. The sound /m/ often stands by itself and is, therefore, treated as a syllable. To pronounce it properly, keep your lips tightly together while uttering it. The sound must be completed before you separate your lips.
- b. In front of a verb beginning with a consonant, the syllabic /m/ replaces the pronoun subject *mwen*.

Listen carefully to the following sentences:

M ba ou-l.

M pa lakay.

M di yo bonjou.

M rete isit.

M fè sa.

M te wè-l.

M gade ti-moun yo.

M sove-l.

M jwenn ni.

M vle.

M kite yo.

M wè-l.

M loue-l.

Se la m-ye.

M mande nouvèl li.

Msye. bonjou.

M naje byen.

Repeat the above sentences, after each has been modeled twice for you.

- c. The syllabic /m/ also represents *mwen* after a verb which ends in a vowel sound.

Listen carefully to the following sentences. Note especially the cases in which the /m/ sound appears in final position.

Manman-m ap chèche-m.

Ti gason-m nan wè-m.

Yo kontre-m.

Li koute-m.

Se kat d-idantite-m.

Papa-m sanble-m.

Yo voye-m nan biro-m.

Ou wè mari-m.

Se msye-m.

Repeat the sentences, after they have been modeled twice.

2. The sound /n/

- a. In pronouncing /n/, the tip of the tongue touches the back of the upper teeth.

Listen carefully to the following words:

nou

n-ap

nonm

no

nivo

novanm

nan

nègès

Repeat the previous words after each has been modeled twice. Do not forget to touch the back of your upper teeth with the tip of your tongue.

Listen to the /n/ in final position:

liann	konn	bannann
tann	fonn	marinn
jèn	rasi-n	desann
jwenn	kabann	kolonn
grinn	santèn	

Now repeat the above words after each has been modeled twice.

- b. As in the case of /m/, /n/ may stand by itself before a verb beginning with a consonant or after a verb ending with a vowel. This syllabic /n/ stands for *nou*, 'we' or 'you' (plural).

Listen to the following sentences:

Ki kote n-wè yo?

Ban-n nouvèl Alse?

Ki jan n-ye? N-pa pi mal.

Ki sa n-di la-a? N-pa di anyen.

Ki moun nou kontre? N kontre Mari.

Yo mande-n pou li. N-mande pou li tou.

Kouman n-ye? N-ap grandi.

Y-a wè-n pi ta.

Se konpè-n ak kòmè-n.

N jwenn ni lakay.

Repeat the previous sentences after each has been modeled twice.

3. The nasal vowel *an*.

a. Compare the following pairs:

sa	san
ta	tan

The second word contains the nasal equivalent of the vowel of the first word.

b. Now compare the two nasal vowels *en* and *an*:

sen	san
men	man

For *in* the tongue is fronted, and it moves back for *an*.

c. Identify the member of each pair which contains the vowel *an*. If you make the correct identification, repeat the word containing the vowel *an* which will be given by the voice on the recording.

(1) la	lan	(2) lan
(2) tan	ta	(1) tan
(3) san	sa	(1) san
(4) rin	ran	(2) ran
(5) chan	chen	(1) chan
(6) ba	ban	(2) ban
(7) pa	pan	(2) pan
(8) kan	ka	(1) kan
(9) ben	ban	(2) ban

d. Do the previous exercise until your score is perfect.

e. Contrast the following paired words:

ta	'conditional particle'	tan	'weather'
sa	'this'	san	'blood'
len	'flax'	lan	'in'
sen	'Saint'	san	'blood'
men	'hand'	man	'abbreviation for mother'

Two syllables

ruban	ladan	boukan	kouman	vrèman
tèlman	senkant	dimanch	swasant	egzanp

Three syllables

li ladan	instriman	de paran	li pantan
----------	-----------	----------	-----------

f. The following words have *an* in the first syllable.

anvi	manje	danse	santim	anpil	anlè
------	-------	-------	--------	-------	------

g. Read the following utterances aloud:

ruban	kouman	chanjman	trant an	anlè
senkant	mande	santi	anyen	anpil

h. Take the following utterances in dictation. Hand it to the teacher afterward.

anba	nan mache-a
Kouman ou ye?	M pran kèk lèt.
Y-ap grandi toujou.	Li chante anpil.

4. *An + n/m*

a. Compare:

tan	tann	jan
van	vann	janm

The first word of each pair ends in the nasal vowel *an* followed by *n* or *m*.

b. Contrast the following paired words:

tann	'to wait'	tan	'weather'
vann	'to sell'	van	'wind'
janm	'leg'	jan	'manner'
kann	'cane'	kan	'camp'

c. Repeat the following words ending in *an* followed by *n* or *m*.

tann	vann	kann	prann	tann
janm	viann	madanm	aprann	desann
ladwann	ban-m			

d. The following words contain *an* followed by *n* or *i* within the word.

zanmi	manman	anmè	lanni	zannanna
-------	--------	------	-------	----------

e. Read aloud:

tann	viann	janm	kann
rann	desann	aprann	de bann
li pann	li ban-m	zanmi	manman
desanm	lanni	madanm	lanm

f. Read the following sentences aloud. The confirmation will be given by the voice on the recording. Then translate the sentence you have read and check with the key in the right side of this page.

- | | |
|--------------------------------------|--|
| (1) Ban-m nouvèl ou? | How are you? |
| (2) Kouman Anita ye? | How is Anita? |
| (3) Nou prale nan mache. | We are going to the market. |
| (4) Sa ki genyen, machè? | What's the matter, dear? |
| (5) E ou-mènm, ki sa ou ap fè? | And yourself, what are you doing? |
| (6) Gras a Dye, y-ap grandi. | Thanks to God, they are growing up. |
| (7) O revwa Mari
M-a wè ou pi ta. | Goodbye, Marie.
I'll see you later. |
| (8) Nan rout li wè Anita ak Alse. | On his way he saw Anita and Alce. |

g. After you check your answers with the key, read aloud.

- (1) Kouman Anita ye?
- (2) Li gen kèk zouti anba bra li.
- (3) Nou prale lavil dimanch.
- (4) Sa pa fè anyen, machè.
- (5) Swasant senk santim.
- (6) Pa genyen anpil ladan ni.
- (7) Sa li mande ou?
- (8) Nou prale ladwann ansanm.

Lexical Variation Exercises

1. Basic sentence:

Se kay Anita sa?
lapòs
mari li
kay li
manman ni
kay Anita

Se kay Anita sa?
Se lapòs sa?

2. Basic sentence:

M rele Tijo.
Mari
Anita
Chal
Toma
Tijo

M rele Tijo.
M rele Mari.

3. Basic sentence:

Ki jan ou rele?
li
madanm ou
papa ou
ou

Ki jan ou rele?
Ki jan li rele?

4. Basic sentence:

Li sòti ak papa mwen.
Toma Lwi
manman ni
Chal
papa mwen

Li sòti ak papa mwen.
Li sòti ak Toma Lwi.

5. Basic sentence:

M kab tann yo.
mari mwen
Anita
ou
yo

M kab tann yo.
M kab tann mari mwen.

6. Basic sentence:

Ki moun ki manman ou?
papa ou
madanm ou
mari li
manman ni
manman ou

Ki moun ki manman ou?
Ki moun ki papa ou?

7. Basic sentence:

Li pa la kounyè-a.
Yo
Madanm ni
Anita
Manman
Li

Li pa la kounyè-a.
Yo pa la kounyè-a.

8. Basic sentence:

Y-ap retounen touswit.
Mari mwen
Madanm ou
Papa mwen
Yo

Y-ap retounen touswit.
Mari mwen ap retounen touswit.

Grammar exercises

Change the following to negative statements by adding *pa*.

1. Li la kounyè-a. Li pa la kounyè-a.
Nou lavil. Nou pa lavil.
Yo la kounyè-a.
Gabi lapòs kounyè-a.
Toma nan mache.
M lakomu-n.

2. M rele Tijo. M pa rele Tijo.
Mari chita. Mari pa chita.
Li ale lakay nou.
Tijo sanble li.
Ti gason an sòti ak manman ni.
M-ap retounen touswit.

3. Se kay papa mwen. Se pa kay papa mwen.
Se Anita ki sòti. Se pa Anita ki sòti.
Se mari li ki tann yo.
Se madanm mwen.
Se li ki rele Tijo.

Cued questions

1. Answer the following questions using the cue in parentheses.
 - a. Se kay Anita sa? (non; Toma) Non, se kay Toma.
 - b. Li pòte kèk lèt? (non; zouti) Non, li pòte kèk zouti.
 - c. E bòs Alse, li prale kay Anita tou? (non; lavil)
 - d. Se papa li? (non; Tijo)
 - e. Chal sanble li? (non; Tijo)
 - f. Gabi prale lavil? (non; Pòtoprens)

2. Reply to the following questions in the negative.

- | | |
|--|-----------------------------|
| a. Se kay Gabi? | Non, se pa kay Gabi. |
| b. L-ap chèche lèt yo? | Non, li p-ap chèche lèt yo. |
| c. E bòs Alse, li prale kay Anita tou? | |
| d. Se papa yo sa? | |
| e. Chal sanble li anpil? | |
| f. Gabi prale nan mache? | |

Directed questions

- | | |
|---|--------------------|
| 1. Ask 'Isn't she here now?' | Li pa la kounyè-a? |
| 2. Say 'She's not here.' | Li pa la. |
| 3. Say that he is here now. | Li la kounyè-a. |
| 4. Tell me they are not at the city hall. | Yo pa lakomu-n. |
| 5. Say that he is not sitting down. | Li p-ap chita. |
| 6. Tell me they are not at home | Yo pa lakay yo. |

Translation Test

- | | |
|---|----------------------------------|
| 1. Say that Thomas is going to Charles' house. | Toma prale kay Chal. |
| 2. Ask me if that is my house. | Se kay ou sa? |
| 3. Say that we are taking a little walk downtown. | N-ap fè yon ti vire lavil/envil. |
| 4. Tell her that she can wait for you. | Ou kap tann mwen. |
| 5. Say that they left with your wife. | Yo sòti ak madanm mwen. |
| 6. Tell me that they went out early. | Yo deyò boneù. |
| 7. Tell me you are going to return immediately. | M-ap retounen touswit. |
| 8. Ask me what the matter is. | Sa ki genyen? |
| 9. Say you are going to look for some tools. | M prale chèche kèk zouti. |
| 10. Ask the little boy whether they are here. | Ti gason, yo la? |
| 11. Ask how she is. | Ki jan li ye? |
| 12. Tell me she went out with your father. | Li sòti ak papa mwen. |

COMPREHENSION EXERCISES

Listen and repeat:

Anita ak Chal sòti. Yo pa la kounyè-a. Nan chemen yo kontre ak yon machann legum yo konnen: "Pratik, ban-m nouvèl ou non."

-Bonjou msye Chal, bonjou Madanm Chal. Ki kote nou prale?

N-ap fè yon ti sòti, men nou pa pral mèn m kote. M-ap rive nan bouk, m pap mize. Madanm mwen ap fè yon ti vire kay Sese, kòmè-l. Li pa byen. Li pa rete lwen isit.

-Nou pap achte kèk legum pou lakay? Yo bèl wi.

-Ou kouè sa, pratik. Kouman pou-m pòte yo?

-M-ap mache ak nou. Kay kòmè Sese ou a jwennn yon bagay pou mete yo. Kòmè ou kapab achte tou.

-Se byen.

Anita, Chal ak pratik fè chemen yo. Kay Sese Chal pa vle rete kounyè-a. Li pa kapab. L-a rete pi ta. Anita, li-mèn m, rete kay kòmè-l. Y-a wè. Chal ap tounen sòt nan bouk touswit. L-a rete di Sese yon ti bonjou. Li di o revwa. L-ale.

Answer the questions:

1. Chal ak Anita la kounyè-a?
2. Ki kote yo ye?
3. Ki moun yo kontre nan chèmin?
4. Yo konnen ni (li)?
5. Si ou konn yon machann, kouman pou ou rele-l?
6. Ou konnen msye (show another student)?
7. Li konnen ou?
8. Ki jan madanm Chal rele? (Anita)
9. Ki moun ki rele Sese?
10. Se madanm Chal yo rele Sese?
11. Se Chal ou rele?
12. Ki sa Pratik vle Anita achte?
13. Anita gen bagay pou-l mete yo?
14. Ki sa pou li fè alò?
15. Anita ak Chal pral mèn m kote?

16. Ki kote Chal prale?
17. Ou konn sa Chal pral fè nan bouk? (non)
18. Ki sa Anita pral fè kay Sese?
19. Chal pral mize nan bouk?
20. Kouman Sese ye?

21. Ou ap mize isit?
22. Ou kouè Anita pral mize kay Sese?
23. Sese rete lwen?
24. E ou, ou rete lwen isit?
25. Sese mache ak msye ak madanm Chal?

26. Chal rete kay Sese?
27. Pou ki sa li pa rete kay Sese?
28. Anita pa rete kay Sese li-mènm?
29. E Pratik?
30. Ki sa Anita achte?

31. Ki kote l-jwenn bagay pou-l mete legum yo?
32. Madanm ou achte legum tou?
33. Chal a rete kay Sese pi ta?
34. Chal ap tounen sòt nan bouk touswit?
35. Alò, l-a rete kay Sese?

36. Ou gen bèl ti-moun?
37. Madanm ou bèl?
38. Ou se yon madanm?
39. Ou konnen-m?
40. M konnen nou?

INDEPENDENT STUDY

Assignment in the Library:

- A. Consult the bibliography on Haiti at the end of this volume.
- B. Choose a book for a book report at a designated date in the future.
- C. Go to the library to start reading your chosen or assigned book.
- D. Take notes in order to be ready for your oral report in Creole when requested.

GRAMMAR NOTES

Negative

1. In Creole, the negative is expressed by the use of the word *pa* 'not' before the predicate or the verb.

Example:

Nou lapòs.
Nou konnen ou.

versus

Nou pa lapòs.
Nou pa konnen ou.

We are at the post office.
We know you.

We are not at the post office.
We don't know you.

2. *Pa* loses its vowel before the continuative particle *ap*.

Example:

M p-ap fè yon ti vire. I am not taking a little walk.

Li/ni

When *li* follows a word which ends with a nasal vowel or consonant, it becomes *ni*.

Example:

ti gason ni

tann ni

Konn/konnen

1. *Konn* is the short form for *konnen* and is preferred whenever followed by a complement (noun or verb).

Example:

Li pa konn anyen.

He (or she) knows nothing.

Yo konn travay.

They know how to work.

2. In all other cases, when it ends a sentence such as when the complement is not repeated in answering a question) *konnen* must be used:

Example:

Ki moun ki pral lavil?	Who is going to town?
M pa <u>konnen</u> .	I don't know.

***Ale* 'to go'; *prale* (*ap* + *ale*) 'to be going'**

Ale and *prale* are usually substituted for the short forms *al* and *pral*, except when they end a statement or a question.

Example:

N- <u>al</u> lavil./N- <u>ale</u> lavil.	We go to town.
Nou <u>pral</u> lavil./Nou <u>prale</u> lavil	We are going downtown.
Ti gason an <u>ale</u> ?	Is the little boy gone?
Wi, l- <u>ale</u> .	Yes, he is gone.
Mari <u>pral</u> nan mache? Mari <u>prale</u> nan mache?	Is Marie going to the market?
Non, li pa <u>prale</u> .	No, she is not going.

The Pronoun *ki*

Like the pronouns, *ki* also occurs in the short form: *k*. This short form should be used before *a* or *ap*. It is optional after *sa*, but the short form is widely used.

Se Chal <u>k-ap/-ape</u> tann yo	It is Charles who is waiting for them.
Se Anita <u>ki/k</u> -manman-m	Anita is my mother.
Ki sa <u>ki -k</u> lakomu-n?	What is (there) at the City Hall?

VOCABULARY

achte, v.	to buy; to purchase
anpil, adj.	a lot, many, lots of
bagay, n.	thing
bèl, adj.	beautiful
bouk, n.	village
chita, v.	to sit
gason, n.	boy
isit, adv.	here
jwenn, v.	to find
kap, kapab, kab, ka, v.	can, to be able
konn, konnen, v.	to know
kontan, adj.	happy, pleased, glad
kouè, v.	to believe, to think
kounyè-a, kouliè-a, adv.	now
la, art.	the (see grammar notes in lesson 6)
legum, n.	vegetable (s)
lwen, adv.	far, distant, far away
machann, n.	merchant
mache, v.	to walk
madamn, n.	Mrs.
manman, n.	mother
mari, n.	husband
mete, v.	to put
mize, v.	to dawdle, to waste time
msye. msyeu, n.	Sir. Mr.
papa, n.	father, daddy
piti, adj.	small, little
pratik, n.	regular customer, clientele

rele, v.	to call, to be named, to be called; to yell; to shout
repròch, repròch, n.	reproach, blame
rete, v.	to stay, to stop, to live
retounen, retounen, tounen, v.	to return, to come back
san, prep.	without
sanble, v.	to resemble, to look, to look like
se, v.	it is, is it, to be
sòti, sòti, sot, sòt, v.	to go out
sòti, sòti, n.	outing
tann, v.	to wait
touswit, adv.	immediately, right away
tounen, retounen, v.	to return; to come back

Idiomatic Expressions

ak Bondye	God willing
Ki jan ou rele?	What's your name?
san repròch	no kidding - if you don't mind my saying so

Lesson 5

REVIEW OF LESSONS 1 AND 2

Oral Review Drill

1. **Pattern:** *kouman ou ye?*

Change the introductory word on cue. Pay particular attention to the intonation.

CUE

STUDENT(S)

Gabi

Gabi, kouman ou ye?

Monchè

Monchè, kouman ou ye?

Bòs Alse

Pratik

Toma

Kòmè-m

Sese

Anita

Konpè-m

Machè

Chal

Tijo

2. **Translate into Creole:**

1. They are going out for awhile.
2. We are going to market.
3. I am going to the post office.
4. I see them.
5. I am holding on.

3. Pattern: *Ki kote . . . prale la-a?*

- a.. Change the noun or pronoun on cue, as indicated.

CUE	STUDENT(S)
ou	Ki kote <u>ou</u> prale la-a?
Mari	Ki kote <u>Mari</u> prale la-a?
Tijo	
konpe-m	
mwen	
yo	
Mari	
Chal	
nou	

- b. Repeat the above exercise, using the short form of the Pronoun whenever possible (i.e., in the case of li, nou, ou, and mwen).

4. Pattern: *Alò, m-a wè . . . pi ta.*

- a. Fill in the missing noun or pronoun on cue.

CUE	STUDENT(S)
yo	Alò, m-a wè <u>yo</u> pi ta.
bòs Alse	Alò, m-a wè <u>bòs Alse</u> pi ta.
nou	
kòmè-m	
li	
Anita	
ou	
Gabi	
yo	
Mari	
Chal	
nou	

- b. Repeat the previous exercise. using the short form of the pronoun whenever possible (i.e., in the case of li, nou, and ou).

5. **Rule:** A subject pronoun is shortened or contracted when followed by a predicate beginning with a vowel.

Make a complete sentence with the following cues by adding one of the pronouns *li*, *nou*, *mwen*, or *yo* as instructed:

CUE	STUDENT(S)
pral lapòs (li)	<u>Li</u> pral lapòs.
ap grandi (nou)	<u>N-ap</u> grandi.
kenbe toujou(yo)	
wè yon ti-moun(mwen)	
fè yon ti vire(li)	
ap fè yon vire lavil(yo)	
pral fè yon vire(nou)	
ap wè yon ti-moun(mwen)	
pa pi mal (mwen)	
ap fè yon ti vire lapòs(yo)	
wè ou pi ta(li)	
prale nan mache-a(yo)	
wè bòs Alse (mwen)	
byen (nou)	

6. **Change the following by adding *pral* after the subject:**

CUE	STUDENT(S)
Li bay Mari kèk lèt.	Li <u>pral</u> bay Mari kèk lèt.
Yo grandi.	Yo <u>pral</u> grandi.
Gabi nan mache.	
M-ale nan mache.	
Ti-moun yo rive nan mache.	
Nou chèche kèk lèt.	
Toma fè yon rive lakomu-n.	
Li kontre Mari.	
Li koute Gabi ak Mari.	
Mwen wè Chal.	
Ou pran kat d-idantite ou.	

7. **Change to the future tense, i.e., add *a* after the subject.**
Use the short form of the pronoun whenever possible:

CUE

STUDENT(S)

Li ba Mari kèk lèt.

L-a ba Mari kèk lèt.

Yo grandi.

Y-a grandi.

Gabi nan mache.

M-ale nan mache.

Ti-moun yo rive nan mache.

Nou chèche kèk lèt.

Toma fè yon rive lakomu-n.

Li kontre Mari.

Li koute Gabi ak Mari.

Mwen wè Chal.

Ou pran kat d-idantite ou.

8. **Review the questions in Lesson 1 and 2 for comprehension and fluency.**

INDEPENDENT STUDY

Tape No. 5A

1. Listen to and repeat line by line, with proper intonation, the following conversation between Thomas and Marie. This will help you to comprehend sentences containing more than six words.

Toma: Mari! Ban-m nouvèl ou non!

Mari: M pa pi mal monchè. E ou-mènm, ki jan ou ye?

Toma: Gras a Dye, sa pa pi mal. Kouman Alse ye?

Mari: Li byen tou. E kòmè Gabi, ban-m nouvèl li?

Toma: L-ap kenbe toujou. Kouman ti-moun yo ye?

Mari: Yo grandi anpil. E ti-moun yo?

Toma: Yo kon sa. Ki kote ou prale la-a, Mari?

Mari: M pral lapòs pòte kèk lèt. M pral wè si m gen kèk lèt tou.

Toma: Mwen-mènm, m-ap rive lakomu-n. M pral pran kat d-idantite-m.

Mari: Gabi rete lakay ak ti-moun yo?

Toma: Non machè. L-al fè yon ti vire nan mache-a. M prale Mari. Di bòs Alse ak ti-moun yo bonjou. O revwa.

Mari: Mèsi Toma. Di Gabi ak ti-moun yo bonjou tou.

2. Now close your books. Translate each sentence you hear in English.

3. Answer the following questions in Creole:

1. Ban-m nouvèl Mari?
2. E ou-mènm, ki jan ou ye?
3. Kouman Alse ye?
4. E ti-moun Mari yo?
5. Ti-moun Toma yo byen tou?

6. Ki kote Mari pral la-a?
7. Ki sa li pral fè lapòs?
8. E Toma, ki kote li prale?
9. Ki sa li pral fè lakomu-n?
10. Ki kote Gabi ale?

11. Li pa rete lakay ak ti-moun yo?
12. Ki moun Mari a di bonjou pou Toma?
13. E Toma, ki moun l-a di bonjou?
14. Ou ap grandi toujou?
15. Ban-m nouvèl ou?

16. Kouman madanm ou ye?
17. Ou pral lapòs tou?
18. Ki sa ou pral fè lapòs?
19. Ki jan ti-moun ou yo ye?
20. Madanm ou al nan mache?

21. Ou pral lakomu-n pi ta?
22. Ou gen anpil pitit?
23. Ti-moun ou yo piti?
24. Ki sa ou ap fè la-a?
25. Nou gen kat d-idantite?

REVIEW OF LESSONS 3 AND 4

Oral Review Drill1. **Pattern:** *Se ... ou.*

Change on cue:

CUE

moun
 kat d-idantite
 mari
 manman
 legum
 gason
 bagay
 zouti
 travay
 madanm
 kay
 pitit

STUDENT(S)

Se moun ou.
 Se kat d-idantite ou.

2. **Pattern:** *M gen yon*

Change on cue:

CUE

pitit
 travay
 ti-moun
 lèt
 goi-n
 madanm
 machann
 zouti
 kat d-idantite
 mato
 kòmè
 nouvèl

STUDENT(S)

M gen yon pitit.
 M gen yon travay.

3. **Pattern:** *pral fê travay (possessive)*

Show the form of the possessive by repeating the pronoun subject at the end of the sentence or by placing the noun subject in its pronoun form at the end of the sentence.

CUE	STUDENT(S)
Nou	<u>Nou</u> pral fê travay <u>nou</u> .
Li	Li pral fê travay li.
Anita	Anita pral fê travay li.
Mwen	
Ti-moun yo	
Toma	
Tijo	
Ou	
Nou	
Yo	
Sese	
Else	

4. **Put in the negative:**

Positive cue by instructor:

M jwenn bagay la.
Tijo ap tann papa-l.
Pratik wè manman-m.
Zouti-l anba bra-l.
Papa-l tann ni.
Ou travay anpil, msye .
Anita al nan bouk.
Ou gen klou nan pòch ou.
Nou sanble manman nou.
Li rele Tijo.
Yo grandi anpil.
Mari tounen ak ti-moun yo.

Negative response by students:

M pa jwenn bagay la.
Tijo pa tann papa-l.
Pratik pa wè manman-m.

5. **Pattern:** *Ki bò (kote) ... la-a?*

Ask questions based on the following statements:

STATEMENT

M pral lavil.
 Alse pòte zouti-1.
 Chal pral chèche
 yon mato.
 M gen yon ti travay.
 Nou kontre Mari.
 Bòs Alse fè yon gro travay.
 Li wè Toma.
 Yo kontre Anita.
 M pral chèche zouti-m.
 Mari al pran yon lèt.
 Nou wè bòs Alse.
 L-ap fè yon ti vire.

QUESTION

Ki bò (kote) ou pral la-a?
 Ki bò (kote) Alse pòte zouti-1 la-a?

6. **Answer the following questions in the negative:**

QUESTION

27. M sot Gran Ru m monte ru Bòn Tona mrive, Katedral la.
M fin kwaze ru du peup deja?.
28. M libreri Alfalit. M vle ale Anbasad amerikèn, ki sa pou-m fè?
(use the City Map)
29. Ou Bank Kanada. Ou ta vle ale Institu Franse, ki rout
pou ou fè? (use the City Map)
30. Lè ou nan Institu Franse lapòs lwen ou?

31. Ki sa ki pa lwen ou, lè ou devan kazino-a?
32. Ki ru ki devan kazino-a? (Blvd. H. Truman)

GRAMMAR NOTES

Transforming a Declarative Sentence into a Question

1. Prefixing Èske:

Èske is an interrogative marker used in front of a declarative sentence to transform it into a question that can be answered by 'Yes' or 'No'.

Li prale lavil.
Èske li prale lavil?

He's going to town.
Is he going to town?

2. Raising Pitch at End of Sentence

The question may also be asked without prefixing èske, by simply raising the pitch at the end of the sentence.

Compare:

Ou prale lavil.
Ou prale lavil?

You're going to town.
Are you going to town?

3. Numerals

Here are the first numerals, cardinals and ordinals.

cardinals

Ordinals

youn
de
twa
kat
senk
sis

premye
dezyèm
twazyèm
katryèm
senkyèm
sizyèm

VOCABULARY

amerikèn (f)amerikin(m),n.;adj.	American
anbasad, n.	embassy
aprè, prep.	after
blòk, n.	block
boulva, n.	boulevard
denye, n.; adj.	last
dezyèm, n.; num. adj.	second
devan, devan, adv;prep.	before, in front of
epi, adv;conj.	and, then
èske, èske, ès;part. a statement to transform it into a question	particle used in front of
eù, leù, n.	hour
fasil, adj.	easy
fini, fi-n, v.	to finish, to end, to complete
fò, fòk, v. (used inter- changeably)	to be necessary, must have to
franse, adj.jn.	French
gade, v.	to pay attention, to look
institi, institi, n.	institute
jodi, jodi-a, adv.	today
kat, num. adj.	four
katedral, n.	cathedral
katryèm/ n.: adj.	fourth
kazino, n.	casino
kenbe, v.	keep, hold
ki leù, ki lè	whem
konprann, v.	to understand
kwaze, v.	to cross
leù, lè, eù, n.	hour
magazen, n.	store
manje, n.	food, meal
manje, v.	to eat
mennen, v.	to lead, to take
moniè. moute, v.	to go up
montre. moutre. v.	to show

pa...ni, conj.	neither ...nor...
premye, n.; adj.	first
repete, v.	repeat
senk, num. adj.	five
senkyèm, n.; adj.	fifth
sis, siz, num. adj.	five
sizyèm, n.; adj.	sixth
tanpri, exp.	please, if you please
tanpri souple, exp.	please, if you please
te, part	marker to indicate state or
action completed in the past	
tro, trò, adv.	too, too much
twa, num. adj.	three
twazyèm, n.; adj.	third
vit, adj.; adv.	fast/quick, quickly
vizite, v.	to visit

Idiomatic Expression

fè yon ti mache

take a (few steps) walk

Lesson 8

FINDING A TELEPHONE

PERCEPTION DRILL

1. Koute epi repete:

J: Ki kote m kapab telefone?

L: Ou, kab telefone tou patou, nan tout magazen. Men, pou pi su, nan telegraf la.

J: M kap telefone nan telegraf la vrè?

L: Men wi, monchè.

J: Ki kote telegraf la ye?

L: Se pi gro kay ou wè-a.

2. Koute epi repete:

Ou kap telefone tou patou. Kounyè-a ayisyen tou patou. Ou jwenn liv kreyòl tou patou. Gen misyonè tou patou.

3. Add to the following sentences the expression tou patou 'everywhere':

CUE

STUDENT(S)

Li vann liv yo.

Li van liv yo tou patou.

M voye pitit la.

M voye pitit la tou patou.

Yo gade.

Msye-a montre misyonè-a.

Ou kapab telefone.

Kounyè-a, gen ayisyen.
Nou jwenn liv kreyòl.
Ou wè misyonè.
Ti-moun yo travay.
Gen bon bagay.
Pratik la ale.
Li gen pòch.

4. Koute epi repete:

Ou kap telefonnen nan tout magazen yo. Tout magazen gen telefòn. Tout vil gen telegraf. Tout ayisyen pale kreyòl. Nou bay tout ti-moun yo manje.

5. Add to the following sentences the expression tout 'all':

CUE

STUDENT(S)

Ou kap telefonnen nan
magazen yo.
Nou bay ti-moun yo manje.

Ou kap telefonnen nan tout
magazen yo.
Nou bay tout ti-moun yo
manje.

Ou kab jwenn liv kreyòl
libreri Alfalit.
Ayisyen pale kreyòl.
Vil yo gen katedral.
Nou kapab achte legum
nan mache.
M kapab achte liv kreyòl
nan libreri-a.
Yo di moun yo bonjou.
M bay papa-m nouvèl la.
Genyen lakomu-n nan
bouk yo.

6. Koute epi repete:

Ou kap telefone tou patou.
Men, pou pi su, m-ap mache ak ou rive nan telegraf la.
Tout kay nan bouk la bel. Men, kay sa-a pi bel.
Se. Tiio ki travay pi mal. Se li ki pi gro tou.
Se isit la kay Sese? Nou mache toujou. Li pi devan.

7. Add the word *pi* to the following sentences.
It indicates the superlative.

CUE

STUDENT(S)

Kay sa-a gro.
Ti-gason Anita-a bèl.
Ti jo travay mal.
L-ap rive ta.
Katedral la lwen.
Ti-Mari mize.
Ti-moun yo sanble ak papa yo.
Pratik la sòt.
Se Chal ki bon nan kreyòl la.
Bank Kanada devan.
Gran Ru dwat.

Kay sa-a pi gro.
Ti-gason Anita-a pi bel.

8. Pattern: **subject + adj., adv., place, or location.**
(No form of 'to be' is necessary)

Review: In Creole, the verb 'to be' is often omitted. Make a sentence with the cue word. For Example:

CUE

SENTENCE

fasil
bèl
ru dè Mirak
piti
lwen
isit
bon
gro
aprè
devan
deya
la

Travay sa-a fasil.
Ti-moun Mari yo bèl.

9. Pattern: *a, ava, av, or va + verb = future*

Review: To express an action in the future, the particle *a* is inserted before the verb. Its variants are *ava* and *va*. They are used interchangeably. Use either *a, ava, or va*.

Exercise: Put the following sentences in the future:

CUE	STUDENT(S)
M-ap desann lavil ak Mari. Ti-moun yo manje tout manje-a. Nou fè yon travay fasil. Lè-m fi-n rive, m wè katedral la. M konprann ki kote ou di-m. Pitit la jwenn kay la. Li pran liv kreyòl yo. Ou wè-m devan biro depèch la. Nou rele Tidjo pou papa-l. Y-ale Anbasad amerikèn. Ou genyen anpil zouti. Li pòte kab la nan biro-a.	M-ava desann lavil ak Mari. Ti-moun yo <u>va</u> manje tout manje-a.

10. Review: The particle *ap* or *ape* which indicates that the action is taking place or is going to take place right now:

CUE	STUDENT(S)
M manje legum. Ti-moun yo koute sa-m di ou. Li rive kazino epi lapòs. Yo mande Mari nouvèl Alse. Tidjo grandi anpil. Gabi fè yon vire nan mache-a. Chal chèche zouti yo. Misyonè-a pòte liv li anba bra-l. M sot lakay mwen boneù.	M-ap manje legum. Ti-moun y-ape koute sa m-ap di ou.

Chal ak Anita tounen
 touswit.
 Pitit la sanble anpil
 ak papa-l.
 Nou desann lavil kounyè-a.

11. Koute epi repete

J: M-ap mande ou yon lòt sèvis, souple.

L: Avèk plezi, monchè. M kab rann ou yon lòt sèvis.

J: Ki kote m kab jwenn yon kamyonèt pou Petyonvil?

L: Isit la mèn. Devan ou. Nou anba g alri a kote magazen Bata-al sou ru
 dè Mirak. Se la kamyonèt ki fè lign Petyonvil yo monte. Devan kay Bata,
 ou kap pran kamyonèt pou Kafou.

J: Mèsi anpil. Men pou ou pran yon ti sigarèt.

L: Mèsi msye. M kontan m fè ou plèzi.

12. Koute epi repete:

Ou ban-m yon liv deja. Ban-m yon lòt. Ou rann mwen yon sèvis deja. M-ap
 mande ou yon lòt sèvis. Rann mwen yon lòt sèvis, tanpri souple.

13. Add *yon lòt* (another) to the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

Sese gen yon pitit.

Sese gen yon lòt pitit.

Rann mwen yon sèvis.

Rann mwen yon lòt sèvis.

M pòte yon lèt.

N-ap fè yon lektu.

Msye-a achte yon liv

kreyòl.

M pral wè nan yon

libreri.

L-ap fè yon bagay pou

tî-moun yo.

Pratik la pral vann nan

yon mache.
Ou konnen li gen yon
bèl ti-gason.
Nou kab rive nan yon
kwen.
Ban-m yon provèb.
Li gen yon bon travay.

14. Koute epi repete:

Kamyonèt Kafou yo rete devan kay Bata.
Kamyonèt Petyonvil yo rete sou kote kay Bata.
Tidjo ap travay sou kote kay la.

15. Replace devan with sou kote in the following sentences:

CUE

Kamyonèt la rete devan
galri-a.
Pitit la ap travay devan
kay la.
Liv la devan biro-a.
Gabi ap tann devan
labank la.
Anita ap gade lèt la
devan Chal.
Li devan zouti yo, l-ap
chèche yo.
Nou sòti devan kay la.
Ru-a devan kay la.
Libreri-a devan lapòs la.
Biro-a devan labank la.
Li pa wè mato-a devan ni.
Msye-a ap mache devan
madanm ni.

STUDENT(S)

Kamyonèt la rete sou kote
galri-a.
Pitit la ap travay sou
kote kay la.

DIALOGUE

FINDING A TELEPHONE

Scene: Port-au-Prince, Grand Rue, in front of Bata Shoe Store

Characters: Mr. Jones Passerby

Situation: Mr. Jones wishes to make a telephone call. He asks a passerby for directions to a booth and also to a camionette (small bus) to Petionville.

Mr. Jones: Hi! Good morning, sir. I would like to make a telephone call. Where can I telephone here?

Passerby: Well, sir, you can make a call anywhere.

Mr. Jones: What do you mean exactly?

Passerby: I mean you can telephone in all the stores. Right here, at Bata's, you can telephone. But to make sure, if you want to go a few steps, you can telephone in the telegraph office.

Mr. Jones: Where is the telegraph office?

Passerby: It's across from you. Do you see the biggest building? Well, that's the telegraph office.

Mr. Jones: Are you sure I can really make a call there?

Passerby: Yes, sir, you can find a telephone in the telegraph office.

Mr. Jones: Well, I'm asking you another favor. Where can I find a camionette to take me to Petionville?





Passerby: The camionettes go up rue des Miracles.

Mr. Jones: Where is rue des Miracles?

Passerby: There before you. When you're on the sidewalk on the side of Bata's store, you are on Rue des Miracles. When you're in front of the store, you're on Grand Rue. There all the camionettes turn.

Mr. Jones: I see. Thank you very much, old man. Here, for your cigarettes. (He hands him a coin.)

Passerby: Thanks a lot. Goodbye.



FINDING A TELEPHONE

Msyeu Jones ta vle telefone. Li mande yon Ayisyen kote li kab telefone, epi li mande kote li kab jwenn yon kamyonèt pou li ale Petyonvil.

Mr. Jones: E! Bonjou msye. M ta vle telefone. Ki kote m kab telefone isit?

Passerby: En ben, msye, ou kab telefone tou patou.

Mr. Jones: Ki sa ou vle di ekzakteman monchè.

Passerby: Ou kab telefone nan tout magazen yo. Isit la mèn, kay Bata, ou kab telefone. Men pou pi su, si ou vle fè yon ti mache, ou ka telefone nan telegraf la.

Mr. Jones: Ki kote telegraf la ye?

Passerby: Li an fas ou. Ou wè pi gro kay la? Bon, se telegraf la.

Mr. Jones: Ou su m kab telefone la vrè?

Passerby: Wi msye, ou kab jwenn telefòn nan telegraf la.

Mr. Jones: Bon, m-ap mande ou yon lòt sèvis. Ki kote m kab jwenn yon kamyonèt pou m-ale Petyonvil?

Passerby: Se nan ru dè Mirak kamyonèt yo monte.

Mr. Jones: Kote ru dè Mirak ye?

Passerby: Devan ou la-a. Leu ou sou galri a kote magazen Bata-a, ou nan ru dè Mirak. Leu ou devan ni, ou nan Gran Ru. Se la tout kamyonèt yo vire.

Mr. Jones: M wè .Mèsi anpil monchè. Men pou sigarèt ou .

Passerby: Mèsi anpil O revwa.

Dialogue Buildup

telefone
ta vle
Msye Jones ta vle
telefone.

to telephone, to make a call
would wish, would like
Mr. Jones would like to
make a call.

li ale Petyonvil
pou li ale Petyonvil
kamyonèt
jwenn yon kamyonèt
li kab jwenn yon kamyonèt
kote li kab jwenn yon kamyonèt
epi li mande kote li kab
jwenn yon kamyonèt
pou li ale Petyonvil

he goes to Petionville
for him to go to Petionville
camionette
to find a camionette
he can find a camionette
where he can find a camionette
and he asks where he can
find a camionette to take
him to Petionville

kote li kab telefone
yon Ayisyen

where he can telephone
a Haitian

Li mande yon Ayisyen kote
li kab telefone, epi
li mande kote li kab
jwenn yon kamyonèt
pou li ale Petyonvil.

He asks a Haitian where he
can make a call, and he
asks where he can find
a camionette to take him
to Petionville.

E!
Bonjou msye.

Hi
Good morning, sir.

M ta vle telefone.

I would like to make a call.

M kab telefone isit
Ki kote m kab telefone isit?

I can make a call here .
Where can I telephone here?

tou patou
ou kab telefone tou patou msyeu
En ben, msye, ou kab
telefone patou.

everywhere, anywhere
you can telephone anywhere, sir
Well, sir, you can make a
call anywhere.

ekzakteman
ki sa
ki sa ou vle di
Ki sa ou vle di ekzakteman,
monchè?

exactly
what
what do you mean
What do you mean exactly,
old man?

magazen yo
 tout
 tout magazen yo
 nan tout magazen yo
 Ou kab telefone nan
 tout magazen yo.

stores
 all
 all the stores
 in all the stores
 You can telephone in all
 the stores.

kay Bata
 isit la mèn
 Isit la mèn, kay Bata,
 ou kab telefone.

Bata's (shoe store)
 right here
 Right here, at Bata's, you
 can telephone.

telegraf
 nan telegraf la
 ou a telefone
 ou ka telefone nan
 telegraf la
 fè yon ti mache
 few steps
 su
 pi su
 pou pi su

cable (telegraph) office
 in the telegraph office
 you will telephone
 you can telephone in the
 telegraph office
 take a few steps, walk a

men pou pi su
 Men pou pi su, si ou vle
 fè yon ti mache, ou ka
 telefone nan telegraf la.
 la.

sure, certain
 more sure
 to make sure (lit. for more
 sure)
 but to make sure
 But to make sure, if you
 want to take a few steps,
 you can telephone in the
 telegraph office.

Ki kote telegraf la ye?
 an fas
 an fas ou
 Li an fas ou.

Where is the telegraph office?
 across from
 across from you
 It's across from you.

kay la
 pi gro kay la
 ou wè pi gro kay la
 Ou wè pi gro kay la?

the building
 the biggest building
 you see the biggest building
 Do you see the biggest building?

se telegraf la
 Bon, se telegraf la.

that's the telegraph office
 Well, that's the telegraph office.

vrè
 m kab telefone la
 ou su
 Ou su m kab telefone
 la vrè?

really
 I can telephone there
 you are sure
 Are you sure I can really
 telephone there?

nan telegraf la
 ou kab jwenn
 ou kab jwenn telefòn
 Wi msye, ou kab jwenn
 telefòn nan telegraf
 la.

in the telegraph office
 you can find
 you can find a telephone
 Yes, sir, you can find a
 telephone in the telegraph
 office.

sèvis
 lòt sèvis
 yon lòt sèvis
 mande
 m-ap mande
 m-ap mande ou
 Bon, m-ap mande ou yon
 lòt sèvis.

favor
 other favor
 another favor
 to ask
 I'm asking
 I'm asking you
 Good, I'm asking you another
 favor.

m-ale Petyonvil
 pou m-ale Petyonvil
 kamyonèt
 m kap jwenn yon kamyonèt
 Ki kote m kab jwenn
 yon kamyonèt
 Ki kote m kab jwenn yon
 kamyonèt pou m-ale Petyonvil?

I go to Petionville
 for me to go to Petionville
 camionette
 I can find a camionette
 Where can I find a
 camionette
 Where can I find a camionette
 to take me to Petionville?

kamyonèt
 kamyonèt yo
 kamyonèt yo monte
 nan ru dè Mirak
 se nan ru dè Mirak
 Se nan ru dè Mirak,
 kamyonèt yo monte.
 Kote ru dè Mirak ye?

camionette (see Cultural Notes)
 the camionettes
 the camionettes go up
 on rue des Miracles
 it is on rue des Miracles
 The camionettes go up rue
 des Miracles.
 Where is rue des Miracles?

la-a
 devan ou

there
 in front of you

Devan ou la-a.

ou nan ru dè Mirak
magazen Bata
sou galri
a kote
sou galri a kote magazen
Bata-a
leù ou sou galri a kote
magazen Bata-a
Leù ou sou galri a kote
magazen Bata-a, ou nan
ru dè Mirak.

Gran Ru
nan Gran Ru
ou nan Gran Ru
devan ni
leù ou devan ni
Leù ou devan ni, ou nan
Gran Ru.

tout kamyonèt yo
se la
Se la tout kamyonèt yo vire.

M wè.
Mèsi anpil monchè

sigarèt
sigarèt ou
pou
pou sigarèt ou
men
Men, pou sigarèt ou.

Mèsi anpil.
O revwa.

There before you.

you are on rue des Miracles
Bata's store
on the covered sidewalk
on the side
on the sidewalk on the side of
Bata's store
when you are on the sidewalk on
the side of Bata's store
When you are on the sidewalk on
the side of Bata's store, you are
on Rue des Miracles.

Grand Rue (main street)
on Grand Rue
you are on Grand Rue
in front of it
when you are in front of it
When you are in front of it,
you are on Grand Rue.

all the camionettes
it is there
There all the camionettes turn.

I see.
Thank you very much, old man.

cigarette
your cigarettes
for
for your cigarettes
here
Here, for your cigarettes.
(see Cultural Notes)

Thanks a lot.
Goodbye.

Cultural Notes

Telephone Service

Telephones are available in most places of business and in private residences of most upper class people in Port-au-Prince. However, one cannot expect them to function always, because the lines are insufficient for the number of subscribers and therefore are often over-loaded.

Camionettes

In Port-au-Prince there is no bus service as such. The nearest equivalent to urban public transportation is camionette service. A camionette is a pickup truck or station wagon which takes passengers (usually as many as can be squeezed in) along certain routes, from city to suburbs. There are established routes and stopping places. The camionette service is an inexpensive but uncomfortable means of transportation for anyone without an automobile. It differs from taxi service in that it is much less expensive and that the taxi takes passengers (also as many as can be squeezed in) from any point to any point within city limits. The fare is not exactly subject to bargaining, but many users do bargain often with success.

Tipping

You have noted that Mr. Jones gives the passerby a small tip in exchange for directions. Although it is not obligatory to tip in such a situation, it is considered courteous. In hotels and restaurants, of course, it is expected. However, if the passerby had been a more prosperous looking person, it would have been most insulting to tip him.

Homework

Write down ten questions in Creole, based on L. 1-8.

PRONUNCIATION AND GRAMMAR DRILLS

Tape No. 8-B

Pronunciation Drill: /u/, /e /, and /èù/

1. The Vowel *u*.

Compare the following pairs:

di	du
ri	ru
dou	du
rou	ru

The second vowel of each pair is produced by starting from *i* and rounding the lips or, alternatively, by starting with *ou* and moving the tongue to a fronted position. To pronounce *u*, the lips should be rounded and protruding slightly with the tongue in the front part of the mouth. Before we ask you to practice the vowel *u*, we should like to point out that many Haitian speakers replace it with *i*; in fact, the vowel *u* occurs in French and is mostly used by speakers who have some knowledge of French.

Practice the following.

ru/ri	du/di	nu/ni	ju/ji	pèdu/pèdi	Lalu/Lali
pwentu/pwenti	biro/biro	kuvèt/kivet	Ozetazuni/Ozetazini		

Read aloud:

Ozetazini

Lalu/Lali

Ki kote biro depèch la ye?

Li nan ru dè Mirak.

2. The Vowels *e* and *eù*

Compare the following pairs:

de de ke ke sè seù lè leù

Some speakers of Creole have, in addition to *u*, two other vowels which occur in French: *e* and *eù*. These two vowels are often replaced by *e* and *è* respectively, and they are produced starting with these vowels and rounding the lips. Contrast the following paired words.

de	de
ke	ke
pèp	peùp
nèf	neùf

Practice the following:

de	de	seùl
bezwen	paske	dufe
resevoua	revandeùz	

ru du Magazen de Leta

The vowels *u*, *e*, and *eù* usually occur in words borrowed from French. They would also be used in the word *ru* 'street' and proper names (place names, names of streets, names of persons). Remember that these vowels also occur in such commonly used words as *seù* 'sister' and *dufe* 'fire' when they are pronounced by bilingual speakers and some monolingual speakers.

Comprehension Exercise

- | | |
|---|---|
| 1. Msye Jones an fas kay Bata? | Non, li an fas telegraf la. |
| 2. Msye Jones kab telefone nan tout magazen yo? | Wi, li kab telefone tou patou. |
| 3. Pou pi su, ki kote li kab telefone? | Pou pi su, li kab telefone nan telegraf la. |
| 4. Ki kote Msye Jones kab jwenn yon telefòn? | Li kab jwenn yon telefòn nan telegraf la. |
| 5. Li kab jwenn youn kay Bata tou? | Wi, li kab jwenn youn kay Bata tou. |
| 6. Ou su Msye Jones kab jwenn telefòn la? | Wi, m su Msye Jones ka jwenn telefòn la. |
| 7. L-ap mande msye a yon lòt sèvis? | Wi, l-ap mande li yon lòt sèvis. |
| 8. Li kab jwenn telefòn nan tout magazen yo? | Wi, li kab jwenn telefòn nan magazen yo. |
| 9. Se nan ru dè Mirak kamyonèt yo monte? | Wi, se nan ru dè Mirak kamyonèt yo monte. |
| 10. Msye Jones ta vle ale Pòtoprens? | Non, li ta vle ale Petyonvil. |
| 11. Ki kote Msye Jones ta vle ale? | Li ta vle ale Petyonvil. |
| 12. Pou ki sa Msye Jones ta vle jwenn yon kamyonèt? | Li ta vle jwenn yon kamyonèt pou ale Petyonvil. |
| 13. Gran Ru devan kay Bata? | Wi, li devan ni. |
| 14. Se nan ru Bòn Fwa kamyonèt yo monte? | Non, se pa nan ru Bòn Fwa yo monte. |

Translation

- | | |
|---|----------------------------|
| 1. He has gone out (and is still out). | Li sòti. |
| 2. He has eaten. | Li manje. |
| 3. She's sitting (and has been for some time) | Li chita. |
| 4. They've arrived at the bank. | Yo rive labank. |
| 5. They've gone down Rue du Peuple. | Yo desann ru du Peup. |
| 6. Have you brought the tools? | Ou pòte zouti yo? |
| 7. Have you looked for Tijo? | Ou chèche Tijo? |
| 8. Has she given you the letter? | Li ba ou lèt la? |
| 9. Have they given her the cigarettes? | Yo ba li sigarèt yo? |
| 10. Go down Rue des Miracles. | Desann ru dè Mirak. |
| 11. Turn to the right after one block. | Vire a dwat aprè yon blòk. |
| 12. Go down Rue Bonne Foi. | Desann ru Bòn Fwa. |
| 13. He'll work here. | L-a travay isit. |
| 14. He'll look for the post office. | N-a chèche lapòs la. |
| 15. He'll find his son. | L-a jwenn pitit gason ni. |
| 16. They'll take the cigarettes. | Y-a pran sigarèt yo. |
| 17. Will you send a cable? | Ou a voye yon depèch? |
| 18. You'll see the bank. | Ou a wè labank la. |
| 19. The children will grow up. | Ti-moun yo a grandi. |

- | | |
|--|-------------------------|
| 20. They're walking down
Rue du Peuple. | Y-ap desann ru du Peùp. |
| 21. She's gone out. | Li sòti. |
| 22. Are you going to the
market? | Ou pral nan mache? |

Lexical Variation Exercises

1. Basic sentence:

L-ap mande ou yon lòt
sèvis.

nou

Yo

li

mwen

ti-moun yo

L-ap mande ou yon lòt
sèvis.

L-ap mande nou yon lòt sèvis.

2. Basic sentence:

Telegraf la an fas ou.
devan ou
isit mèn m
isit la mèn m

Telegraf la an fas ou.
Telegraf la devan ou.

3. Basic question:

Ou wè pi gro kay la?
kay la
kay Bata
Gran Ru
telegraf la
laru-a

Ou wè pi gro kay la?
Ou wè kay la?

4. **Basic sentence:**

Ou kab telefone tou patou.
nan tout magazen yo

kay Bata
nan telegraf la
isit la mèn
lapòs

Ou kab telefone tou patou.
Ou kab telefone nan tout
magazen yo.

5. **Basic sentence:**

M vle fè yon ti mache.
fè yon ti vire
telefone
ale Petyonvil
jwenn kamyonèt la
rive lakomu-n

M vle fè yon ti mache.
M vle fè yon ti vire.

6. **Basic sentence:**

Ou kab jwenn yon telefòn
nan telegraf la.
lèt la lapòs
kat d-idantite ou
lakomu-n.
kamyonèt yo nan Gran Ru
sigarèt yo nan magazen yo
legum nan mache-a

Ou kab jwenn yon telefòn
nan telegraf la.
Ou kab jwenn lèt la lapòs.

7. **Basic sentence:**

Kote ru dè Mirak ye?
kay Bata
Gran Ru
telegraf la
telefòn yo
ru du Sant

Kote ru dè Mirak ye?
Kote kay Bata ye?

8. **Basic question:**

Ki sa li mande?
 mande ou
 mande yo
 mande li
 mande nou

Ki sa li mande?
 Ki sa li mande ou?

Exercises1. **Change to the continuative:**

Li vire a dwat.
 Yo desann ru a.

L-ap vire a dwat.
 desann ru a.

M mande yon sèvis.

Nou fè yon ti vire.

Ou pran sigarèt yo?

2. **Change to the no-particle form:**

Yo pral lakay mwen.

Yo ale lakay mwen.

Li pral an fas.

Li ale an fas.

M pral Petyonvil.

Ou pral fè yon ti vire?

Y-ap mande ou yon sèvis .

M-a wè deu kamyonèt.

Ou ap telefone li?

L-ap voye yon depèch?

N-ap fè yon ti mache.

3. Translate the following:

He'll work here.

L-a travay isit.

We'll look for the post office.

N-a chèche lapòs la

He'll find his son.

L-a jwenn pitit gason ni.

They'll take the cigarettes

Y-a pran sigarèt yo.

Will you send a cable?

Ou a voye yon depèch?

You'll see the bank.

Ou a wè labank la.

The children will grow up.

Ti-moun yo a grandi.

They're walking down
Rue du Peuple.

Y-ap desann ru du Peup.

She's gone out.

Li sòti.

Are you going to the market?

Ou pral nan mache?

4. Change to the continuative:

M-a voye depèch la
Ozetazini.

M-ap voye depèch la
Ozetazini.

Li fè yon vire nan mache-a.

L-ap fè yon vire nan mache-a.

N-a mande ou.

Ou ba li lèt la?

Yo jwenn mache Petyonvil?

5. Answer the following questions in the affirmative:

Ou pral nan telegraf la? Wi, m pral nan telegraf la.

Ou ap fè yon ti vire? Wi, m-ap fè yon ti vire.

Ou a telefone isit?

Y-a voye yon depèch Ozetazini?

L-ap vire nan Gran Ru?

Ou ap chèche lapòs la?

6. Answer the following questions by using the cue word in parentheses:

Ki kote yo prale?
(kay Bata) Yo pral kay Bata.

Ki kote m-a jwenn
yon kamyonèt?
(an fas ou) Ou a jwenn yon kamyonèt
an fas ou.

Ki kote l-ap pòte
zouti li?
(lakay mwen)

Ki kote ou a kontre
bas Alse?
(nan ru dè Mirak)

Ki kote li prale?
(lapòs)

7. Directed questions:

Ask me what I'm doing now.

Sa ou ap fè kounyè-a?

Ask me where he'll wait.

Ki kote l-a tann?

Ask me who's telephoning.

Ki moun k-ap telefone?

Ask me if I'm going
to the telegraph office.

Ou pral nan telegraf la?

Ask me if Marie will
send the letter.

Mari a voye lèt la?

Test - Translation

- | | |
|---|--|
| 1. Where can I make a call here? | Ki kote m kab telefone isit? |
| 2. I don't understand you, madame. | M pa konprann ou madanm. |
| 3. But to make sure, go to the telegraph office. | Men, pou pi su,ale nan telegraf la. |
| 4. Are you sure I can find a telephone there? | Ou su m kab jwenn yon telefòn la? |
| 5. Fine, may I ask another favor of you? | Bon, m ka mande ou yon lòt sèvis? |
| 6. Where can I get a camionette to take me to Port-au-Prince? | Kote m kab jwenn kamyonèt pou m-ale Pòtoprens? |
| 7. Where is Grand Rue? | Kote Gran Ru ye? |
| 8. There in front of you, on the left. | Devan ou, a gòch. |
| 9. All the camionettes turn there. | Se la tout kamyonèt yo vire. |
| 10. Thanks very much. Goodbye. | Mèsi anpil. O revwa. |

LEKTU

Nan Pòtoprens, pa gen otobus pou ou sòt nan yon vil, pou ou al nan yon lòt. Si ou pa gen oto, e si ou vle ale nan yon vil ki pi lwen, ou pran kamyonèt. Pou ale Kafou, Petyonvil, Kwa dè Boukè, ou pran kamyonèt. Men si ou vle ale pi lwen, ou pran kamyon. Fò ou konnen ki kote pou al pran yo. Sou tout Gran Ru ou kap pran kamyonèt pou Kafou, Bizoton, Matisan epi Bòlòs. Nan ru dè Mirak ak Lalu, ou kab jwenn kamyonèt pou Petyonvil ak Kinskòf.

Misyonè-a fi-n fè vire-l lavil la. Li ta vle monte Petyonvil. Men, nou sonje, li pa moun Pòtoprens e li pa gen oto-l. Li pa konn ki kote pou l-al pran yon kamyonèt. Li sot achte yon pè soulie kay Bata. Kounyè-a li kanpe sou galri Bata-a. Li gade a dwat, li gade a gòch. Li pa konn sa pou-l fè. Li wè yon nèg* k-ap pase. Li rete-l, li mande-l ki kote pou l-al pran kamyonèt la. Gras a Dye, li pap mache anpil. Se nan kwen sa-a mèn, nan kwen Ru dè Mirak ak Gran Ru kamyonèt yo vire pou monte Petyonvil. Misyonè-a kontan anpil. Li ba nèg la lajan pou-l achte manje . Nèg la kontan tou. Li di Msye Jones mèsi.

Cultural Note

*Nèg. Although neg may be used in opposition to blan 'white man' to mean 'Negro', it usually is used to mean 'guy', and has no pejorative connotation whatsoever when used among Haitians. When used in its usual sense, it refers to any unspecified individual regardless of his skin color. Foreigners should not use this term.

Kestyon

1. Gen otobus Pòtoprens?
2. Si yon moun vle al nan yon lòt vil, ki sa pou-l fè?
3. Li kapab al Petyonvil nan oto?
4. Misyonè-a gen oto Pòtoprens?
5. Ki sa pou li pran. ala?

6. Se mèn m kamyonèt ki fè rout Petyonvil, ki fè rout Kinskòf tou?
7. Ki kote ki pi lwen, Petyonvil ou Kinskòf?
8. Se pou ou pase Petyonvil pou ou al Kinskòf?
9. Se mèn m kote Kafou ye?
10. Si m vle al Bòlòs, Matisan ou Bizoton, se kamyonèt Kafou pou-m pran?
11. Nan ki ru pou-m pran kamyonèt Kafou-a?
12. Si m Lalu, m kap pran kamyonèt kap fè lign Petyonvil?
13. Ki kote misyonè-a ye kounyè-a?
14. Ki sa l-ap fè sou galri kay Bata-a?
15. L-achte yon bagay kay Bata?
16. Ki sa l-achte kay Bata?
17. Si m vle yon pè soulie m kab jwenn kay Bata?
18. Bata vann soulie pou tout moun?
19. Ki kote misyonè-a ta vle ale kounyè-a?
20. Ou sonje ki kamyonèt misyonè-a ta vle al pran?
21. Misyonè-a chita sou galri-a?
22. Ki kote-l gade?
23. Ki moun li wè k-ap pase?
24. Ki sa li mande nèg la?
25. M. Jones va mache anpil pou l-al pran kamyonèt la?
26. Nan ki kwen kamyonèt yo pase?
27. Ki sa M. Jones ba nèg la?
28. Pou ki sa li ba nèg la lajan?
29. Nou kanpe ou nou chita kounyè-a?
30. E mwen-mèn m?
31. Ou ava achte yon pè soulie pi ta?
32. Ou sonje nan ki kwen pou pran kamyonèt Petyonvil la?
33. Nan ki lòt ru ou kapab pran kamyonèt kap fè lign Petyonvil? (Lalu)
34. Ki kote ou kab ale leù ou pran kamyonèt Kafou?
35. Ki moun ki pale kreyòl pi vit isit la?
36. Nou ka jwenn bon soulie kay Bata?
37. Leù M. Jones sòti kay Bata, jus ki ba l-ap rive?
38. Nou konprann lektu sa-a?
39. Si ou Petyonvil ou ap monte, ou ap desann lavil? (desann?)
40. Kamyonèt Petyonvil yo, y-al tou dwat sou Gran Ru ou yo vire nan Ru de Mirak?

GRAMMAR NOTES

Verb without Particle

We have seen that in Creole, verbs occur alone or are preceded by particles. When a verb occurs alone, the time at which the action takes place is not marked specifically; it may be present or past.

li monte	'he has gone up' or 'he goes up'
compare with	
l-ap monte	'he is going up'

Continuative Particle *ap*

To indicate that an action has begun and is incomplete, the continuative particle *ap* is used.

l-ap mache	'he's (or she's)(in the process of) walking'
li mache	'she (or he) has walked (action started and ended in the past)' or 'he walks (generic statement)'
li chita	'he (or she) sat' or 'is sitting'
l-ap chita	'he (or she) is sitting down'

Continuative Particle plus *ale*

1. Note that before *ale* 'to go', the continuative particle *ap* becomes *pr*.

Li ale	'he goes, he has gone'	Li prale	'he's going'
--------	------------------------	----------	--------------

2. Before another word, *prale* is shortened to *pral*.
(see L.4 Grammar Note - 4)

Li pral manje.	'He's going to eat.'
Li pral an fas.	'He's going across the street.'
Li pral Petyonvil.	'He's going to Petionville.'

Future Particle *a*

1. The particle *a* indicates future action or polite command.

Ou a jwenn katedral la. 'You'll find the cathedral.'

Ou a vire a gòch. 'Turn to the left.'

2. The particle *ap* may also indicate the near future.

M-ap mande ou yon lot sèvis. 'I'll ask you (I'm asking you)
for another favor.'

However, note that in the example cited, the action may be viewed as related to the present. In this sense it is a continuing action. To mark an action as clearly future we must use *a*.

3. The short form of pronouns is also used with the future particle *a*.

m-a kenbe

n-a wè

l-a pran

y-a sòti

ou a pran

(ou is shortened to 'w')

Summary of Verb Particles

- | | | |
|---|------------------|---------------|
| 1. Action started in the past and completed at the moment of speech. | no particle | li telefone |
| 2. Habitual action | | li telefone |
| 3. Action in process and continuing at moment of speech or future action related to the present | <i>ap</i> + verb | l-ap telefone |
| 4. Future action not related to present | <i>a</i> + verb | l-a telefone |

VOCABULARY

av, ava va; part	before a verb, a marker to indicate an action or state
blan, adj.	white
blan, n.	white (man or woman)
deja, adv.	already
egzakteman, adv.	exactly
fè lign, v.	to follow a scheduled route
fè plèzi, v.	to please, to cause pleasure
galri, n.	covered walk (street), porch (house)
isit la mèn, isit mèn, adv.	right here
kamyon, n.	truck, bus
*kamyonèt, n.	camionette
kanpe, v.	to stand up
kestyon, kesyon, n.	question
lajan, n.	money
*lalign, lign, n.	taxi
lòt, adj.	other
men (with gesture), adv.	here
nèg, n.	someone, guy, fellow (male)
oto, n.	car, automobile
otobus, otobis, n.	bus
ou, conj.	or
pale, v.;n	to speak; to chat
pase, v.	to pass
pè, n.	pair
plezi, plèzi, n.	pleasure
pi devan: adv.	further

sèvis, n.	favor, service
sigarèt, n.	cigarette
sonje, v.	to remember, to remind
sou, prep.	on
soulie, n.	shoe(s)
souple, exp.	please, if you please
su, si, adj.	sure, certain, trustworthy (person)
telefòn, n.	telephone
telefone, telefanin, telefonnen, v.	to telephone, to make a call
telegraf, n.	cable (telegraph) office
tou patou, patou	everywhere
tout, adj.	all
va, av, ava, part.	(see av, ava, va)
vrè, adv.	truly, really
yon lòt, adj. phr.	another

Idiomatic Expressions

anba galri;	on the covered wall
men wi	yes, of course, but yes
pou pi su	to make sure
rann (yon) sèvis	to do a favor, to render a service

* See Cultural Notes

Lesson 9

BANKING HOURS

PERCEPTION DRILL

1. Koute epi repete:

M. Jones: Kouman, bank la fèmen deja?

Passerby: Non, l-poko fèmen.

M. Jones: A ki leù li fèmen?

Passerby: A uneù d-laprèmidi.

M. Jones: E a ki leù l-ouvri?

Passerby: L-ouvri a neveù, lematin.

2. Koute epi repete:

M louvri liv la.

M pa fèmen ni.

Louvri liv nou tou.

Tout liv yo louvri.

Bank la ouvri ta, men l-fèmen ta tou.

Kay Bata pa ouvri ta. Liv ou a fèmen ou louvri?

Li fèmen. E liv sa-a.

Li pa fèmen. Li louvri.

3. Pattern: ...louvri, li pa fèmen. (on the board)

Repeat the pattern and precede it with the cue word or phrase

CUE

STUDENT(S)

liv la
labank la
kazino-a
telegraf la
Bata
libreri Alfalit
Anbasad amerikèn
magazen Chal la
kamyonèt la
Institu franse-a
katedral la
telefòn isit la

Liv la louvri, li pa fèmen.
Labank la louvri, li pa fèmen.

4. Koute epi repete:

Bata fèmen deja?

- Wi, l-fèmen deja.

E labank la ?

- Non, l-poko fèmen.

Ou jwenn kamyonèt la deja?

- Wi, m jwenn kamyonèt la deja, men M. Jones poko jwenn.

5. Answer the questions, first affirmatively, then negatively:

CUE

STUDENT(S)

M. Jones al Petyonvil deja?

Wi, l-al Petyonvil deja.
Non, l-poko al Petyonvil.

Nou pale ak mwen deja?

Wi, nou pale ak ou deja.
Non, nou pale ak ou.

Telegraf la louvri deja?

Misyone-a telefonnen deja?

Tout magazen gen telefòn deja?

Ou rann mwen sèvis deja?

Nou konn pale kreyòl deja?

Nèg la achte sigarèt deja?

Ou konn biro kab la deja?

N-al Institu franse deja?

Ti-moun yo fi-n manje deja?

6. Koute epi repete: (use a clock)

Ki leù li ye kounyè-a? Li twazeù.

(A) ki leù n-ap fini? N-ap fini a katreù.

Kounyè-a, nou pral di tout leù yo ansann:

uneù

dezeù

twazeù

katreù

senkeù

sizeù

seteù

uiteù

neveù

dizeù

onzeù

midi ou minui

**7. Ask each student the same question: *Ki leù li ye?*
Use the clock to change the time in each case.**

8. Koute epi repete: (use any gadget to help the students in counting)

Konben liv nou genyen?
 Nou gen yon liv. Nou gen youn.
 Konben kay ou wè?
 M wè yon kay. M wè youn.
 Kounyè-a nou pral konte an kreyòl juska vin (20).

<u>youn</u>	<u>yon liv</u>	onz	onz liv
de	de liv	douz	douz liv
twà	twà liv	trèz	trèz liv
kat	kat liv	katòz	katòz liv
senk	senk liv	kenz	kenz liv
sis	sis liv	sèz	sèz liv
sèt	sèt liv	disèt	disèt liv
uit	uit liv	dizuit	dizuit liv
neùf	neùf liv	dizneùf	dizneùf liv
dis	dis liv	vin	vin liv

9. Koute epi repete:

Kounyè-a li katreù d-laprèmidi.
 Li pa katreù du maten.
 A onzeù du swa, n-a lakay.
 Demen, n-ap sòti a onzeù du maten.
 M pa sòti lezaprèmidi.
Demen maten, m pral labank.
 A ki leù ou sòti lematin?
Demen aprèmidi m pap sòti.
 Nou pa isit la a minui. Lematin, m sòti a seteù.
 M tounen a midi.
 Ti-moun yo ap sòti demen swa.
 M pa vle sòti aswè.

10. Pattern: *M sòti a ... du maten.* (written on the board)

Exercise: Fill in the blank on cue. The cue *d-laprèmidi* is a substitute for *du maten*.

CUE

STUDENT(S)

katreù
d-laprèmidi
sizeù
uneù
senkeù
du maten
onzeù
du swa
dizeù
du maten
dezeu
midi

M sòti a katreù du maten.
M sòti a katreù d-laprèmidi.

11. Koute epi repete:

Lè m-ap monte m p-ap desann.
Lè m-ap desann, m p-ap monte.

Lè m pral lavil, m desann lavil.
Lè m lavil, m pral lakay, m monte lakay.

12. Exercise: (requires a map or street guide of Port-auPrince and outlying areas). You are given two words. The first denotes your present location and the second your destination. Make a sentence, using *monte* or *desann* as called for by the destination.

Present Location	Destination	Appropriate Sentence
lavil	lakay	M-ap <u>monte</u> lakay.
Petyonvil	Pòtoprens	M-ap desann <u>Pòtoprens</u> .
Bank Kanada	katedral	
Institu Franse	Alfalit	
Pòtoprens	Kinskòf	

lakay	Anbasad Amerikèn
biro depèch	kazino
lapòs	katedral
Alfalit	labank
Anbasad Amerikèn	katedral
Pòtoprens	Kafou

13. Koute epi repete:

Else: Ban-m nouvèl ou non?

Toma: M la monchè, e ou-mènmm?

Else: Sa pa pi mal. E Chal, l-ap travay toujou

Toma: Non, li pa travay ankò.

Else: Sa ki genyen? Li pa ka travay ankò?

Toma: Li pa byen mènmm. E ou-mènmm, ou jwenn travay?

Else: Non, m poko jwenn travay. Jus ki kote ou prale la-a?

Toma: M-ap rive anba lavil.

Else: Juska ki leù ou ap tounen?

Toma: M pap mize.

Else: En ben, ban-m mache ak ou. N-a pale nan rout.

14. Koute epi repete:

L-ap travay toujou, men m pa travay ankò.

N-ap manje toujou. Ti-moun yo p ap manje ankò.

15. Replace *toujou* 'still' with *pa...ankò* or *p-ap...ankò* 'not anymore', as required:

CUE

STUDENT(S)

Mari vann soulie toujou.

Mari pa vann soulie ankò.

Ti-moun yo prale Ozetazini toujou.

Ti-moun yo pa pral Ozetazini ankò.

M-ap travay toujou.

Sese lapòs toujou.
 Li pral vizite katedral la toujou.
 Asèn fè lign Petyonvil toujou.
 Chal gen kamyonèt la toujou.
 Libreri-a vann liv franse toujou.
 Bagay la bon toujou.
 Misyonè-a Pòtoprens toujou.
 Li rann yo sèvis toujou.
 Nou rete nan bank la toujou.

16. Answer the following questions, using the expression *juska* 'until':
 (Each student will give a different time)

CUE

STUDENT(S)

Juska ki leù ou ap tounen?

M-ap tounen juska minui.

Juska ki leù ou pral lavil?

M pral lavil juska twazeù.

Juska ki leù magazen yo louvri?

Juska ki leù ou ap rete lavil?

Juska ki leù kamyonèt yo monte Petyonvil?

Juska ki leù ou kapab telefonnen?

Juska ki leù telegraf la louvri?

Juska ki leù n-ap rive Kinskòf?

Juska ki leù Alse ap travay?

Juska ki leù l-ap rete nan mache-a?

Juska ki leù n-a voye lèt yo?

Juska ki leù y-ap rann ou sèvis la?

DIALOGUE

BANKING HOURS

Scene: Port-au-Prince, in front of the National Bank

Characters: Missionary Jones Passerby

Situation: Mr. Jones has an errand to do in the National Bank, finds it closed, and, disappointed, discusses the local banking hours with a passerby.

Mr. Jones: Hello, sir. How's that, the bank is already closed?

Passerby: Yes, sir. It's closed.

Mr. Jones: When does it close?

Passerby: It closes at one o'clock, sir.

Mr. Jones: Isn't there another bank I can go to now?

Passerby: I'm sorry about that. At this hour all the banks are closed.

Mr. Jones: What time is it?

Passerby: Look at the clock of the National Bank. It's already two o'clock.

Mr. Jones: Oh! Two o'clock! It's that late!

Passerby: Well, come back tomorrow.

Mr. Jones: At what time do the banks open and close?








Passerby: They open at nine in the morning and they close at one in the afternoon.

Mr. Jones: Good, thank you very much, old man. I'll come back tomorrow morning. How can I get to Petionville?

Passerby: It's easy. You are on rue des Miracles.

Mr. Jones: Yes.

Passerby: Go up rue des Miracles. When you get to Grand Rue, you'll find camionettes which go to Petionville.



BANKING HOURS

Msye Jones ta vle ale labank, men li deja fèmen. Epi l-ap chèche yon kamyonèt pou ale Petyonvil.

Mr. Jones: Bonjour msye . Kouman, bank la fèmen deja?

Passerby: Wi msye. Li fèmen.

Mr. Jones: A ki leù li fèmen?

Passerby: Li fèmen a uneù, msye .

Mr. Jones: Nan pwen yon lòt bank m kab ale kounyè-a?

Passerby: M regrèt sa. A leù sa-a, tout bank fèmen.

Mr. Jones: Ki leù li ye?

Passerby: Gade nan pandul Bank Nasional la. Li deja dezeù.

Mr. Jones: O, O! dezeù! Li ta kon sa!

Passerby: En ben, tounen demen.

Mr. Jones: A ki leù bank yo ouvri e a ki leù yo fèmen?

Passerby: Yo ouvri a neveù du matin e yo fèmen a uneù d-laprèmidi.

Mr. Jones: Bon, mési anpil monchè. M-a tounen demen matin. Ki jan pou-m fè pou m-ale Petyonvil?

Passerby: Se fasil. Ou nan ru dè Mirak.

Mr. Jones: Wi!

Passerby: Monte ru dè Mirak. Leù ou rive nan Gran Ru, ou a jwenn kamyonèt k-ap fè lign Petyonvil.

Dialogue Buildup

fèmen	to close
li fèmen	it is closed
deja	already
li deja fèmen	it's already closed
men li deja fèmen	but it's already closed
labank	the bank
ta vle ale	would like to go to
ta vle ale labank	would like to go to the bank
Msye Jones ta vle ale	Mr. Jones would like to go
labank.	to the bank.
Msye Jones ta vle ale	Mr. Jones would like to go to the
labank men li deja fèmen.	bank but it's already closed.
pou li ale Petyonvil	for him to go to Petyonvil
l-ap chèche yon kamyonèt	he's looking for a camionette
Epi l-ap chèche yon kamyonèt	Then he looks for a camionette
pou ale Petyonvil.	to take him to Petyonvil.
Bonjou msye .	Hello, sir.
bank la fèmen deja	the bank is already closed
kouman	how's that
Kouman, bank la fèmen deja?	How's that, the bank is already
	closed?
Wi msye .	Yes, sir.
Li fèmen.	It's closed.
ki leù	what time, when
a ki leù	at what time
A ki leù li fèmen?	When does it close?
uneù	one o'clock
a uneù	at one o'clock
Li fèmen a uneù, msye .	It closes at one o'clock, sir.
m kab ale	I can go
m kab ale kounyè-a	I can go now
yon lòt bank	another bank
nan pwen	there is no
nan pwen yon lòt bank	there is not another bank
Nan pwen yon lòt bank	Is there not another bank I
m kab ale kounyè-a?	can go to now?

tout bank
 tout bank fèmen
 a leù sa-a
 regrèt
 m regrèt
 m regrèt sa
 M regrèt sa. A leù sa-a,
 tout bank fèmen.

all the banks
 all the banks are closed
 at this time, at this hour
 to be sorry
 I am sorry
 I am sorry about that
 I am sorry about that. At this hour,
 all the banks are closed.

ki leù
 Ki leù li ye?

when, what time
 What time is it?

Bank Nasional la
 pandul
 nan pandul
 nan pandul Bank Nasional
 la
 gade
 Gade nan pandul Bank
 Nasional la.

The National Bank
 clock
 at the clock
 at the clock of the National
 Bank
 to look (at)
 Look at the clock of the
 National Bank.

dezeù
 Li deja dezeù.

two o'clock
 It's already two o'clock.

O, o!
 de zeù!

Oh!
 Two o'clock!

kon
 kon sa
 ta kon sa
 Li ta kon sa!

as, like
 as that
 late as that
 It's that late!

demen
 tounen
 tounen demen
 En ben, tounen demen.

tomorrow
 to come back, to return
 come back tomorrow
 Well, come back tomorrow.

yo fèmen
 a ki leù yo fèmen
 ouvri
 bank yo ouvri
 a ki leù bank yo ouvri

they close
 at what time do they close
 to open
 the banks open
 at what time do the banks open

A ki leù bank yo ouvri
e a ki leù yo fèmen?

aprèmidi
d-laprèmidi
a uneù
a uneù d-laprèmidi
maten
du matin
a neveù
a neveù du matin
yo ouvri a neveù du matin
Yo ouvri a neveù du matin
e yo fèmen a uneù
d-laprèmidi.

mèsi anpil
Bon, mèsi anpil, monchè.

demen matin
M-a tounen demen matin.

pou m-ale
pou m-ale Petyonvil
pou-m fè
ki jan
ki jan pou-m fè
Ki jan pou-m fè pou m-ale
Petyonvil?

fasil
Se fasil.

nan ru dè Mirak
Ou nan ru dè Mirak.

Wi.

monte
Monte ru dè Mirak.

At what time do the banks
open and close?

afternoon
in the afternoon
at one o'clock
at one o'clock in the after noon
morning
in the morning
at nine o'clock
at nine in the morning
they open at nine in the morning
They open at nine in the
morning and they close
at one in the afternoon.

thanks a lot
Good, thanks a lot, old man.

tomorrow morning
I will return tomorrow morning.

for me to go
for me to go to Petionville
for me to do
how
what should I do
How can I get to Petionville?

easy
It's easy.

on rue des Miracles
You are on rue des Miracles.

Yes.

to go up
Go up rue des Miracles.

lign
lign Petyonvil
l-ap fè
l-ap fè lign Petyonvil
ou ap jwenn
ou ap jwenn kamyonèt
ki
ou ap jwenn kamyonèt
k-ap fè lign Petyonvil
sou Gran Ru
ou rive
leù ou rive sou Gran Ru
Leù ou rive sou Gran Ru,
ou ap jwenn kamyonèt
k-ap fè lign Petyonvil.

line, trip
a trip to Petionville
it is making, it is doing
it is making the trip to Petionville
you will find
you will find camionettes
which
you will find camionettes
which are going to Petionville
on Grand Rue
you arrive
when you get to Grand Rue
When you get to Grand Rue,
you'll find camionettes
which go to Petionville.

Homework

Make up ten questions based on Lessons 1-9.
Write them out for use in class the next day.

PRONUNCIATION AND GRAMMAR DRILLS

Tape No. 9-B

Pronunciation Drill and Writing Exercise:

Representation of Creole Vowels

i (u)	ou		
e (e or eu)	o		un
è (èu)	ò	en	on
	a	an	

Read aloud. Be sure to maintain a 1-2 rhythm.

bonjou	mirak	anpil	konnen	monchè	vire
sòti	kreyòl	franse	kenbe	tonton	Dye vle

Dictation.

Write down the numbers from one to ten.
First copy the number for "one".

youn

Now write and read aloud after you have written each number.

youn	de	twa	kat	senk
sis	sèt	uit	neuf (nèf)	dis

Now read aloud the numbers you have written.

youn	del	(de)	twa	kat	senk
sis	sèt	uit	neuf (naf)	dis	

Let us now review words ending in a nasal vowel plus *n* or *m*.

Repeat:

tann	pann	jwenn	chinn
reponn	madanm	desann	kokinn
tonton-m	nonm	mènm	mande-m
ban-m	jinn	bann	gonm

Read aloud:

M pa konprann.

Se madanm mwen.

Li pa kap jwenn.

Fò ou reponn.

Remember that a vowel followed immediately by *n* or *m* may be nasalized.

Compare and repeat.

telefonnen	telefone
bonnè	boneù
pronmnen	promne
kamyonnèt	kamyonèt

Read aloud.

kamyon	konnen	bonnè	mennen
pronmennen	jinjanm	telefonnen	kamyonèt

Dictation

M ta vle telefonnen.

Ki kote lapòs la ye?

L-ap monte ru du Peùp.

Sa ou ap fè isit?

Bòs Alse pa vle voye kòb la.

Read the dialogues of Lessons 3 and 6. Read sentence by sentence and compare with the native voice which will follow. Repeat each sentence until you are able to read it accurately and fluently. Be sure you know the meaning of each sentence.

Dialogue No. 3:

Alse: Toma, ban-m nouvèl ou.

Toma: Sa pa pi mal, non!

Alse: E madanm ou, ki jan li ye?

Toma: Li pa pi mal.

Alse: Ou deyò bonè, wi!

Toma: Wi monchè. M prale kay Anita.

Alse: Sa ki genyen?

Toma: Anyen, bòs Alse. M prale fè yon ti travay pou li.

Alse: Ki sa ou pòte anba bra ou?

Toma: Zouti mwen. E ou-mènm, kote ou prale?

Alse: M prale lavil.

Toma: En ben, bon kouraj bòs.

Alse: Mèsi. n-a wè. si Dye vle.

Dialogue No. 6

Mr. Jones: E! Msye, bonjou.

Passerby : Bonjou msye. Sa m kab fê pou ou?

Mr. Jones: M ta vle voye yon depèch Ozetazini.

Passerby : An, ou ta vle voye yon depèch Ozetazini.

Mr. Jones: Wi, m ta vle voye depèch la kounyè-a.

Passerby : Biro depèch la nan ru dè Mirak.

Mr. Jones: Ki kote ru dè Mirak ye?

Passerby : Ou pran ru du Peup tou dwat...

Mr. Jones: Ru sa-a mèn m?

Passerby : Wi, ru sa-a. Leu ou jwenn ru dè Mirak, ou vire a dwat.

Mr. Jones: Bon, m vire a dwat ru dè Mirak...

Passerby : Ou desann nèt jus ou rive nan biro depèch la. Li make 'R.C.A. Communications.' Li an fas Bank Kanada.

Mr. Jones: Biro-a a gòch ou a dwat?

Passerby : Li a dwat. Bank Kanada a gòch.

Mr. Jones: Bon, mès anpil.

Lexical Variation Exercises, with Test

1. Basic question:

Kouman, bank la fèmen deja?
 magazen an
 Bank Nasional
 lapòs la
 biro depèch la
 lakomu-n

Kouman, bank la fèmen deja?
 Kouman, magazen an fèmen deja?

2. Basic question:

Ki leù li fèmen?
 ouvri
 sòti
 tounen
 rive
 ale

Ki leù li fèmen?
 Ki leù li ouvri?

3. Basic sentence:

Li fèmen a uneù.
 a twazeù
 a neveù
 a onzeù
 a sizeù
 a seteù

Li fèmen a uneù.
 Li fèmen a twazeù.

4. Basic question:

Nan pwen lòt labank m kab ale?
 lapòs
 telefòn
 magazen
 kay
 kote

Nan pwen lòt labank m kab ale?
 Nan pwen lòt lapòs m kab ale?

5. **Basic sentence:**

M-a tounen demen maten.
demen
aprèmidi
a midi
a dezeù
aswè

M-a tounen demen maten.
M-a tounen demen.

6. **Basic sentence:**

Leù sa-a tout bank fèmen.
anpil magazen
fèmen.
kèk biro
yon lòt magazen
tout kote

Leù sa-a tout bank fèmen.
Leù sa-a anpil magazen

7. **Basic question:**

Ki jan pou-m fè pou m-ale
Petyonvil?
pou-m jwenn katedral la

pou m-ale Pòtoprens
pou-m rive Gran Ru
pou-m kontre ak Mari
pou desann lavil

Ki jan pou-m fè poum
m-ale Petyonvil?
Ki jan pou-m fè pou-m
jwenn katedral la?

8. **Basic sentence:**

Ou ap jwenn kamyonèt k-ap
fè lign Petyonvil.
ki fè lign Kinskòf laprèmidi.

ki rive Kafou a dezeù
ki monte ru dè Mirak
ki rete Gran Ru
k-ap fè lign Kwa dè Boukè

Ou ap jwenn kamyonèt
k-ap fè lign Petyonvil.
Ou ap jwenn kamyonèt ki
fè lign Kinskòf laprè midi.

Test

- | | |
|---|---|
| 1. Ask when the National Bank opens and closes | Ki leù Bank Nasional ouvri e ki leù li fèmen? |
| 2. Say that all the banks open at 8 in the morning and close at 1 in the afternoon. | Tout bank yo ouvri a uiteù du maten e yo fèmen a uneù d laprèmidi |
| 3. Tell someone to look at the clock. | Gade pandul la. |
| 4. Say "It is already four o'clock". | Li deja katreù. |
| 5. Say "Is it that late already?" | Li ta kon sa? |
| 6. Tell someone it is easy; he can return tomorrow. | Se fasil, ou kab tounen demen. |
| 7. Say you are sorry that all the stores are closed now. | M regrèt sa, tout magazen yo fèmen kounyè-a. |
| 8. Thank the passerby very much. | Mèsi anpil monchè. |
| 9. Ask what time it is. | Ki leù li ye? |
| 10. Ask how you can get to Kenscoff. | Ki jan pou-m fè pou m-ale Kinskòf? |
| 11. Tell someone to look at the time on the clock. | Gade ki leù li ye nan pandul la. |

Grammar Exercises and Translation

Insert the auxiliary verb *kab* into the following sentences.

Ou di mwen.
M konprann ou.
Li prale Petyonvil
demen?
Nou mennen ti-moun yo
nan mache.
Yo pa monte ru-a.
M telefonnen isit?

Ou kab di mwen.
M kab konprann ou.
Li kab ale Petyonvil
demen?
Nou kab mennen ti-moun
yo nan mache.
Yo pa kab monte ru-a.
M kab telefonnen isit?

Substitute the cue words in the basic sentence.

1. Basic sentence:

Li genyen two sigarèt.
kat lèt
de depèch
yon kay
senk zouti
sis magazen

Li genyen two sigarèt.
Li genyen kat lèt.

2. Basic sentence:

Nou wè sis kamyonèt.
uit ti-moun
dis kay
sèt ru
neuf liv
sis lèt

Nou wè sis kamyonèt.
Nou wè uit ti-moun.

3. Basic sentence:

M te voye onz lèt.
 trèz depèch
 katòz goud
 douz dola
 kenz sigarèt
 twa gason

M te voye onz lèt.
 M te voye trèz depèch.

4. Basic sentence:

Lavil la genyen vin bank.
 dizuit biro
 disèt magazen
 dizneùf ru
 sèz kamyonèt
 vin pandul

Lavil la genyen vin bank.
 Lavil la genyen dizuit biro.

Translation - Substitution**1. Basic sentence:**

M ta vle voye depach la.
 the cables
 two cables
 some cables
 the cable
 one cable

M ta vle voye depèch la.
 M ta vle voye depèch yo.

2. Basic sentence:

Bank yo fèmen deja.
 four banks
 one bank
 the bank
 some banks
 the banks

Bank yo fèmen deja.
Kat bank fèmen deja.

3. Basic sentence:

Li deja uneù.
two
three
four
five

Li deja uneù.
Li deja dezeù.

4. Basic sentence:

Sizeù
seven
eight
nine
ten

Sizeù
Seteù

5. Basic sentence:

Ou ap sòti a onzeù.
nine
